The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 5 Jehovha ndiye utiziro nesimba redu, mubatsiri anogara aripo munguva dzose . . . -- Ps. 46:1 2009

KIRISTU VARI KUVAKA KEREKE YAVO

Na Ted Rendall

"Paruware urwu ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" [Mateo 16:18].

Pane nhivi mbiri dzokutarira nadzo ushumiri hweivhangeri nhasi. Pane divi romunhu [izvo zvinofanirwa kuitwa nowenyama], uye divi iri tinonyatsoriziva tose. Tinogaronzwa, ingawani, nezvekokero kuushumiri, matambudziko anowanikwa mukushumira mamwe marudzi [netsika] uye nezvamasuwo akapfigirwa **kuushumiri. Zvose izvi kusanganisira nezvimwewo zvakawanda wanda [zvine chokuita uye] idivi romunhu.** Asiwo panewo rimwe divi—divi raMwari, uye pana Mateo 16:18 Ishe Jesu Kristu vanopa mashoko pamusoro pokuvakwa kweKereke yavo. *"Ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi"* [Mateo 16:18].

Zvakakosha kwazvo kuti tibatisise chiga ichi choushumiri hweivhangeri. Zvakafanirisazve [zvakare] kuti tigare tichifunganya nezvazvo. Tikatarira chete kudivi romunhu, [kuizvo zvinofanirwa kuitwa nemunhu wenyama] — somuenzaniso matambudziko oushumiri, masuwo akapfiga, namazimirioni avasati vasvitswa neshoko raKristu— tingangorasa mbereko zvachose yokuti basa raMwari rinokwanisika kuitwa. Asika nguva nenguva apo tinofuratira divi romunhu tichitarira kudivi raMwari, tinowana kurudziro nedziviriro mukubata basa ratakapiwa [basa roushumiri]. Chatinofanira kuziva zvakare ndechokuti divi raMwari haripokani bodo nerumunhu. Bhuku yaMabasa inoyanika pachena nhivi mbiri idzi dzichibata pamwe chete zvinonwisa mvura. MuKereke yokutanga Ishe, [Mumuka kuvakafa] navapositori vake vaishanda pamwe chete somusoro nomuviri kuzadzikisa kutumwa kukuru uko, kwakapiwa kuKereke. Charles Spurgeon akakumbirwa nerimwe zuva [muhurukuro yake] kuti ayananise nhivi mbiri idzi, [divi raMwari nerumunhu] akapa mhinduro iyi achiti, "Hazvina kufanira kuti ndiite saizvozvo, nokuti hazvina kumbobvira zvakapatsanuka". Ndiwo anofanira kuva maonero edu iwayo pose apo tinotarira nhivi mbiri idzi dzoushumiri hweivhangeri. Mashoko aKristu pana Mateo 16:18 achatibatsira zvikuru mukuedza kwedu kunzwisisa ushumiri kubva nekudivi raMwari. Kristu vanotaura nezvoMuvaki, Chivakwa uye nezvehondo. Zvose izvi tinofanira kuzvinzwisisa nokuzvibatisisa uye zvakaenzanirana, kana tichishuwira kuona ushumira namaonero aKristu.

MUVAKI.

"Ndichavaka Kereke yangu." Kuvazhinji vedu nhasi manzwi aya akajairika zvikuru, zviya zvokuti makoshesero, namaonero akavapo kuvateereri vokutanga pavainge vakateerera Jesu vachitaura, kwatiri arasika. Tinoverenga mitsara iyi, kana kunzwa ichiverengwa,tigogutsirira misoro yedu asi zvisingapindi nokuperera mudzindangariro dzedu. Zvingatibatsira zvikuru, kana tikatora manzwi aya sopakutanga. Uye kana tikaita saizvozvo,pane zvinhu zvitatu pamusoro pomuvaki zvinobuda pachena zvakare zvinofanira kutarisiswa.

CHIMIRO CHOMUVAKI

Chokutanga, tinofanira kubvunza pamusoro pezita romuvaki. Ndianiko uyo anotaura aya mashoko, "*ndichavaka kereke yangu*"?

Zviri pachena kuti Jesu vakatorawo mubvunzo uyu sowakakosha zvikuru, nokuda kwokuti izvo, sezvakanyorwa munyaya imwe chete, vakatombenge vasimudza nyaya imwe cheteyo: Inzwa, *'Jesu akati asvika mudunhu reKesaria Firipi, akabvunza vadzidzi vake akati, 'Ko vanhu vanoti Mwanakomana woMunhu ndianiko?' Vakati vamwe vanoti muri Johane mubhabhatidzi, vamwewo vanoti Eria, vamwewo vachiti Jeremia kana mumwe wavaporofita".*

'Akavabvunzazve akati, 'Ko imi munoti ndiri ani? Simoni Petro akapindura akati 'Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu". Jesu akapindura akati "wakaropafadzwa iwe Simoni mwanakomana waJona, nokuti izvi hazvina kuzarurirwa kwauri nomunhu asi naBaba vangu vari kudenga. Ndinoti iwe ndiwe Petro, uye paruware urwu ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" [Mateo 16:13-18]. Nyatso tarira kuti nyaya iyi yakatanga ingori nyayawo zvayo asi ikazoguma yave nyaya inechokuita newe: *'Ko vanhu vanoti Mwanakomana womunhu ndianiko?'..... 'Ko imi munoti ndiri ani?* Mubvunzo wakatanga uchiti *"Vanhu vanoti kudii"* ukazonoguma uchiti, *"imi munoti kudii"?* Inzwa mudikani

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

Shoko Kubva Kumupepeti Mwedzi uno.....

TIRI VAMIRIRIRI VAKRISTU

NaG. Ndiriwenyu

"Naizvozvzo [isu] tiri vamiriririri vaKristu, sokunge Mwari ari kusvitsa chikumbiro chake kubudikidza nesu" [2 Korinde 5:20]

Evo kaziwai kwamuri mose zvenyu vaverengi vebepanhau roumambo, bepa remweya [pepa re***Mharidzo Yokuuya Kwake]***. Nyasha norugare zvinobva kuna Mwari Baba vedu nokuna Ishe Jesu Kristu ngazvive nemi mose kubva nhasi kusvika nokusingaperi. Uye Mwari wenyasha dzose vakuitirei zvakanaka, vakutumirei rubatsiro runobva panzvimbo yavo tsvene tsvene, uye vakupei rutsigiro runobva paguta ravo reZioni. Chechipiri, maoko angu kwamuri mose hama dzangu nerutsigiro rwenyu rwamandipa kusvika nhasi. Veduwe ndinokutendai zvikuru. Dai weDenga arangarira zvibayiro zvenyu zvose uye agamuchire zvibayiro zvenyu zvose zvinonuhwirira. Mwari wamasimba ose akupei zvose zvazvo zvinoshuwirwa nemwoyo yenyu, uye aite kuti zvose zvamunoronga zvibudirire. Ndapota Mwari vakuitirei zvakanaka hama dzangu. Pano ndarangaridzwa hama dzakaita savanamukoma Peter Makiwa, brother Darlene Khan, kuHarare, Never Nyika kwaNgundu, mufundisi Mike Tsikira kuRedcliff, Bishop Muzondo kuKadoma, hama yangu yepedyo David Chawa kumakomoyo, wangu mwana Crophet Muchinezuro, kuBotswana, navamwewo vakawanda vandisingakwanisi kudoma namazita. Varume ndinokutendai zvikuru nerutsigiro rwenyu. Rambai makadaro, musadzokere shure nhai. Handikanganwiwo hanzvadzi dzangu, vanaElen Chipato kuMasvingo nekapeti, Mai Russia Mutede kuNyanga, Mai Chikahe, kwaDaramombe kuChivhu, Diana Usiri, kuChinhoyi, Martha na Eviline Machaka kwaNgundu, navamwe rufaya vandisingagonizve kudonongora namazita muchino chinyorwa. Maoko angu kwamuri imi mose zvenyu vomwoyo chena. "Kotonokai mose imi muri kumakura. Burukai pasi imi mose muri mumakomo, muzodetemba pamwe neni. Hekanhi hekanhi waro kwamuri imi zvenyu vasina chinya neruzivira. Munopa musina rudembera. Imi munoziva kuti chinoringanwa ibvudzi kwete upfumi. Zvenyu vamwe makakomborerwa vanhuwe. "Jehovha akuropafadzei uye akuchengetei mose; Jehovha ngaapenyese chiso chake pamusoro penyu uye akunzwirei tsitsi; Jehovha ngaarinzire chiso chake kwamuri uye akupei rugare". Numeri 6:26. Bu bu bu ri ri ri ri... mhururu nemiridzo kwamuri mose.

Marimwe zuro chaiye, ndakatambira tsamba dzaibva kwamuri imi vaverengi dzaipupuma nomufaro uye nerumbidzo pamusoro pekurudziro yamunowana kubva kupepenhau reMharidzo. Yokutanga yaibva kuna Nicholas Zimbeva, wokwaShongamiti kwaNgundu. Inzwa kuti mukoma Niko vanoti kudii:

*"Ndinokukwazisai mose muzita raIshe wedu Jesu Kristu, ndichiti Amen! [Hameni mukoma Niko!]. Ndati ndikuzivisei kuti ndakaudzwa neshamwari yangu pamusoro pe**Mharidzo Yokuuya Kwake**. Mashoko andakaverenga pasi pomusoro unoti **"Vechidiki Chenjererera Upenyu Hwenyu"** nevhessi yavaPisarema 127:1 zvakandibata bata zvikuru. Zvakawedzerazve kuti ndide Mwari zvikuru nokuti pasina Mwari hapana chinofamba muupenyu hwangu. Zvechokwadi mashoko enyu ane kakuzodzwa kaMwari kwete kevanhu. Pandakaona bepa renyu ndakanzwa kudenhiwa zvikuru. Chishuwo changu ndechokuti dai vanhu vose vaziva Jesu, saIshe namuponisi wavo.*

Saka ndinokumbirawo muzita reJesu bepa renyu iri reMharidzo Yokuuya Kwake. Manganditumirawo mashanu pamwedzi kana zvichibvira. Kana mune mamwewo mabhuku anokwanisa kubatsira vatendi, ndingafara zvikuru kuva nawo. Mazvita henyu muzita raJesu. Ameni!!" [Neniwo ndinoti Hameni madzibaba Zimbeva. Mazviita henyu vokwaNgundu. Tichaedzawo napose patinogona kuzadzikisa zvido zvenyu kunyanya]. Mumwewo akandinyorera tsamba ndimukoma Never Nyika vokuCommunity Revival Ministries,kwa Ngundu zvakare. [Chokwadika, moto wemutsurudzo wabaka kwaNgundu]. Vanzwe mukoma Never vachingundudzawo: *"Ndinokutendai zvikuru nokuramba muchinditumira bepa re**Mharidzo Yokuuya Kwake**. Bepa iri riri kundibatsira zvikuru ini semutungamiri uye hama neshamwari pamwe chete nevechidiki musangano redu. Mapepa enyu ari kutivaka nokuti simudzira zvikuru pamweya. Tiri kuri shandisawo munguva yedu yama "Scripture Union" kuchikoro kwedu panguva yekudya kwamasikati. Ndapota rambai muchititumirawo bepa iri uye kana zvichibvira nditumireiwo akati wandei okugovererana navamwe. Mutinyengetererewo kuti apo tinenge tichishandisa bepa renyu vazhinji vabatiwe nesimba redenga uye nokuti ropa rinotaura zvakanaka kupfuura raAbhera re-bate basa [Heb 12:24]. Mwari wenyasha norugare ngaakuitirei ngoni uye vakukwanisirei pazvose zvinodikanwa pabasa renyu".* Ho ho ho yorire ngoma!

Yechitatu inobva kwaNeruvanga kune wechidiki anoti iye *"Ini ndiri mukomana ane makore gumi namatanhatu uye ndinofarira chokwadi cheshoko raMwari, serandakasangana naro mubepanhau renyu re**Mharidzo Yokuuya Kwake**. Ikozvino ndinotenda kuti ndiMwari chete akaita kuti ndisangane neMharidzo ine upenyu kudai. Pandakaribata nokuriverenga mwoyo wangu wakabva watenderana nomweya wangu kuti ichi ndicho chokwadi chaJesu chinosunungura. Chokwadika bepa renyu rakandiropafadza zvikuru. Upenyu hwangu hwakashanduka chaizvo kubva pandakatanga kuverenga bepa reMharidzo yokuuya Kwake. Ndinongo namata kuti Mwari, baba vaShe wedu Jesu Kristu vakunzwirei nyasha uye*

Mharidzo Yokuuya Kwake rinotsikiswa kamwe pamwedzi miviriuye riopihwa pachena kuna an naani anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc., P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878.
Mupepeti: Godfrey Ndiriwenyu.
Kero yo muZimbabwe: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com Runhare 091 929 673.
Nhengo dzeAdivisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Mishek Joseph, Promise naStella Nyathi, Maxwell Matewe, na Wisdom Tshuma

vakuropafadzei muna zvose. Sezvo bepa iri raive risiri rangu zvakandirwadza zvikuru, ndikabva ndadokwairira kuti ndevewo neranga mbune. Ndosaka ndakunyorerai munhu waMwari wangu kuti ndapota nditumireiwo bepa iri. Ndingafara zvikuru kwazvo kana mukandipindurawo uye nekunditumirawo bepa renyu reMharidzo. Wenyu mwana Rangarirai Makuku'. [Ndichaedza zvachose nepandinogona kukurangarira mwanangu Rangarirai.]

Pandakange ndichiverenga tsamba idzi pane shoko rakawira mupfungwa dzangu rikandibata nokunditukunyudza zvikuru. Shoko iri nderokuti ***"takasarudzwa naMwari"***. Imbonzwa kuti mupositori Petro anoti kudii, "Asi imi muri vanhu vakasanangurwa, uprista hwamambo, rudzi rutsvene, vanhu vaMwari chaivo, vaakadana kuti muparidze kunaka kwaiye akakudanai kuti mubve murima, muuye kuchiedza chake chinoshamisa. Kare makange musiri vanhu asi zvino mave vanhu vaMwari, kare makange musinganzwirwi ngoni, asi ikozvino makagamuchira ngoni". [1Petro 2:9]. Chishona chedu chinoti gavi rakabva kumasvuuriro. Sahwira wangu, shoko raMwari rinoti iro iwe neni tiri vana vaMwari [Johane 1:12], takadanwa, uye takakokerwa kuti tibve murima tiuuye kuchiedza chake chinoshamisa. Takadiwa nokusarudzwa, uye kubva pakuzara kwake tikagamuchidzwa nyasha pamusoro penyasha. Mubvunzo wandakazozvibvunza ndewokuti, "Takasarudzirwei?" Mhinduro tinoiwana muvhesi rimwe chetero. Kuti tiparidze kunaka kwaiye akatidana kuti tibve murima, tiuye kuchiedza chake chinoshamisa. Pane chikonzero nei Mwari vakatidana Pane chikonzero nei Jehovha vakatidzikinura. Mhinduro: Kuti nyika yose irumbidze nokukudza Mwari kubudikidza noupenyu namabasa edu. "Nenzira imwe cheteyo, chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu kuti vaone mabasa enyu akanaka, vagokudza Baba venyu vari kudenga" [Mateo 5:16]. Unozviona here mudikani kuti mararamiro ako akakosha zvikuru. Unokwanisa kunyadzisa kana kusimudzira zita raMwari wedu nezviito zvako. Mabasa edu anofanira kuva chionero choukuru nokunaka kwaMwari baba vedu vari kudenga. Kubwinya kwavo kwose kunofanira kuwanikwa matiri. Chimwezve chikuru chatakadanirwa ndechokuti tive tsamba dzakabva kunaKristu. "Munoonekwa kuti muri tsamba yakabva kuna Kristu, yakanyorwa kwete neingi asi noMweya Mutsvene waMwari mupenyu, kwete pamahwendefa amabwe asi pamahwendefa emwoyo yavanhu". [2 Korinde 3:3] Kristu vane chokutaura nenyika yavo. Vane nhau dzakanaka kuvanhu vavo. Asika sakare havachakwanisi kufamba kubva muimwe nyika vachienda kune imwe nyika. Nzira chete yavanokwanisa kutaura nayo nomunhu wose zvake, ndiwe neni. Zvazvinoreva apa ndezvizvi hama, iwe neni tinofanira kuchenjerera zvikuru zvatinotaura nezvatinoita. Tiri tsamba kuvakarasika, tsamba kuvarimurima Hazvina mhosva kuti ndi Pastor Boniface Masenda, kwaMtoko, kana kuti Tafadzwa Chifamba kuChitungwiza. Hazvina mhosva kuti ndiMai Edith Chidakwa.kwaMutorashanga, mukoma Leon Mutimuri, kwaMubaira kana kuti sekuru J.Chibinya, kwaMutare. Chokwadi ndechokuti iwe neni tiri tsamba yakabva kunaMwari. Tiri maBhaibheri anofamba. Tinofanira kuverengwa. Chechitatu: Tiri vamiriririri vakristu. Achinyorera Kereke yavaKorinde, mupositori Pauro anoti iye, "Naizvozvzo [isu] tiri vamiriririri vaKristu, sokunge Mwari ari kusvitsa chikumbiro chake kubudikidza nesu". Muchirungu mumiriririri, anonzi iye "ambassador". Mumiriririri [ambassador] akasiyana zvikuru navamwe vose vanezvigaro zvoutongi. Akasiyana zvachose namaMPs, magavhuna, maKanzura, uye namaSeneta. Vose vanhu ava vanosarudzwa nokuvhoterwa navanhu. Mumiriririri haana kuita saizvozvo, anosarudzwa naIshe, kana kuti namambo. Anopiwa simba roumambo. Achitaura navadzidzi vake nezuva riya asati asiya ino nyika, Jesu Kristu anoti iye, "Simba rose kudenga napanyika rakapiwa kwandiri. Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, [ndudzi dzose] muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene, uye muchivadzidzisa kuti vachengete zvose zvandakakurayirai. Uye zvechokwadi ndinemi kusvika pakuguma" [Mateo 28:19]. Iwe neni savadzidzi vaJesu, hatina kutumwa navanhu, hatina kusarudzwa navanhu, uye hatizadzikisi zvido zvavanhu. Takasarudzwa, takatumwa uye tinozadzikisa kuda kwaIshe wamadzishe, Jesu Kristu. Chikonzero chiri chokuti tiratidze simba redenga, kuti Mwari vakudzwe nokuda kwemabasa edu. Ungava baba Lazarus Kumbula kuChiredzi, David Chawa kwaChiadzwa, [kungodayo], Mai Guzha kuChitungwiza, shoko guru mwedzi uno nderokuti uri mumiriririri waKristu. Muzita raJesu ndinokukumbirai kuti ndapota ratidzai mabasa enyu akanaka, kuti Mwari vakudzwe noupenyu hwenyu. Shoko ngarinzwikwe kubudikidza nemi. Simba raMwari ngarioneke kubudikidza nemi. Muri vamiriririri vaKristu, uye murivo vamiriririri vebepanhau roMweya, Mharidzo Yokuuya Kwake. Haleluya!

Chimwezve chatinowana mushoko ndechokuti isu tiri munyu nechiedza chenyika. Achitaura navadzidzi vake pamharidzo pagomo, Jesu Kristu anoti iye "Imi [kureva iwe neni, savadanwa vake] muri munyu wenyika. Asi kana munyu usisavavi ungavaviswe nei? Hauchabatsiri chinhu kunze kwokuti uraswe panze utsikwe navanhu". Mukana handina wokuti ndidongodze kukosha kwomunyu muupenyu hwedu. Chiri mumusakasaka chinozvinwira, inga nemi munozvizivawo wani nhai hama. Munyu wakakosha. Achienderera mberi nenyaya yavo Jesu vanotizve, "Imi muri chiedza chenyika. Guta riri pamusoro pegomo harivanziki. Uye vanhu havanga tungidzi mwenje vagouisa pasi pedengu.. Asi kutoti vanouisa pachigadziko kuti uvhenekere vose vari mumba. "Nenzira imwe cheteyo, chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu kuti vaone mabasa enyu akanaka, vagokudza Baba venyu vari kudenga". [Mateo 5:13-16]. Chinzwa mudikani, hazvinei kuti ndibaba P Chikahe kuChivhu, Khumbulani Moyo kuMberengwa, kana kuti Takura Machozah kwaMpandawana, chokwadi cheshoko chinoti icho uri munyu wenyika. Jesu vanoti ivo uri iwe chiedza chenyika, uye unofanira kuvhenekera nyika yose. Naizvozvo mabasa enyu, chiedza chenyu ngachioneke uye chivhenekere pamberi pavanhu kuti vaone mabasa enyu akanaka, vagokudza Baba venyu vari kudenga". Saizvozvo, somunyu wenyika, sechiedza chenyika, setsamba dzaKristu uye savamiriririri vaKristu, basa ngariitwe. Uyewo savamiririr vebepa roMweya, bepa redenga, basa ngoma ngairohwe.Paridzai shoko, siku

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

(Kubva Papeji 1)

Ishe Jesu havagutsikani nekurudziro inobva muruzha rwavazhinji! Vanoda mhinduro inobva pamuromo wako iwe pachako, iwe mbune. Nyaya iripo ndeiyi, hapana mubvunzo wakakosha mupasi rose zvaro pane iwoyu: Jesu ndiani? Ndianiko iyeyu anodanidzira noushingi kuti, *"Ndichavaka kereke yangu?"*. Iwe pachako ndiwe unofanira kuupindura mubvunzo iwoyu. Yakagadzikana zvakanaka here mupfungwa dzako nyaya iyi? Wamupindura here Jesu kumbvunzo iwoyu [*'Ko iwe unoti ndiri ani?]* Wataura zvichibva muzvadzika dzika here, kubva mukati-kati momwoyo wako sokuvhenekerwa kwaPetro paakapindura achiti, *'Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu''?* Imbonyatsofunga mudikani. Jesu weNazareta, guta diki, raive risina maturo munyika yakare, uyo aionekwa somwana womuvezi, ndiye akashamarara manzwi aya, *"ndichavaka kereke yangu"*. Kunze kwokutenge ari Mwanakomana waMwari, chokwadi zvose zvaaitaura apa hwaizove upenzi chaihwo hwenzenza yechitendero yaingopengerekawo zvayo nenyika. Asika kana ukatenda kuti ndiye Mesiya akavimbiswa, Mwanakomana waMwari mupenyu, zvose zvaanotaura pano zvine ungwaru, zvakarongeka, uye zvine chokwadi.

SIMBA ROMUVAKI

Chechipiri chinosimudzwa namanzwi iwaya okuti, *"ndichavaka kereke yangu"* isimba romuvaki. Mune mapatya ezvivimbiso mumanzwi iwaya, *"ndichavaka kereke yangu"*, uye *"ndichakupa kiyi dzoumambo hwedenga."* Zvose zvinoratidza simba gurusa (kubva kumuvaki). Mumanzwi iwaya tinotenda isu kuti Jesu vaive vakatarira kunguva yaive mberi, nguva yaitevera kufa nokumuka kwavo. Anditi unorangarira kuti maive mushure mokumuka kwavo pavakati, *"Simba rose rokudenga narapanyika rakapiwa kwandiri"*? [Mateo 28:18] Masanganiswa musimba iroro raive simba rokuvaka Kereke yake uye kupa vapositori makiyi okudenga. Zvinombokusvikira here kumbova nemufungo unoti, Ko Jesu basa iri vacharipedza here? Vane simba rakakwanirana here nebasa iri?" Kana uchimbofunga saizvozvo, batisisa mashoko avanotaura apa- zvose zviri mumaoko avo. (*"Simba rose rokudenga narapanyika rakapiwa kwandiri")*

CHIPOROFITA CHOMUVAKI

Chechitatu chinosimudzwazve nehurukuro yaJesu mumanzwi aya *"ndichavaka kereke yangu"* chiporofita chomuvaki. Imbozviisa zvishomanana pachinhanho chavadzidzi pavainge vakateerera Jesu vachitaura. Chokutanga pamatama ake pakabuda chiporofita ichi *"ndichavaka kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" Kungonzwa* chete mashoko iwaya ipapa vadzidzi vakatanga kuzviona savakundi nokupfuurisa. Asika,ngatiimbomira zvishomanana ipapa mudikani! Pana Mateo 16 vhesi ya21 tinoverenga aya mashoko:

"Kubva panguva iyoyi Jesu akatanga kutsanangurira vadzidzi vake kuti anofanira kuenda kuJerusarema kundotambudzwa zvizhinji mumaoko avakuru navaprista vakuru navadzidzisi vemirayiro uye kuti anofanira kuurayiwa nokumutswazve pazuva retatu".

Uhwu hwaive uporofita pamusoro pomuchinjikwa wake. Ungangozviemura kuti, apa vadzidzi vakakatyamadzika zvikuru. Norumwe rutivi anotaura nezvokuvakwa kweKereke yake; dzokonokei otaurazve nezvomuchinjikwa wake. Arikuvatsanangurira nezvokuvakwa kweKereke yake, pidigu otaura nezvorufu rwake pamuchinjikwa. Anotaura nezvekukunda kunopfuurisa, chiripocho anotaura nezverufu netsaona.

Tinotenda Mwari zvikurusa kuti zvakapiwesu nhasi kunzwisisa mudodorongwa neukoshi hwechiporofita ichi. Tinoziva zvakare kuti chakatanga muchinjikwa teverei chivakwa cheKereke. [Chakatanga rufu rwake kuti pagove nokumutswa kweKereke yake tsvene]. Asika, wakambozvifunga here kuti zvaive zvakaoma sei kuvadzidzi vake, avo vaikoshesa utongi hwaMesiya, kutambira manzwi aJesu iwaya? Pose patinofunganya nezvoMuvaki, tinofanira kubatisisa kuti Jesu ndiye Mesiya, Mwanakomana waMwari; kuti ndiye akapiwa simba rokuvaka Kereke yake, uye kuti kanapo aive akatarirana nomuchinjikwa akasimbiswa nemuono iwoyu weKereke yaizovapo nokuda kworufu rwake.

(Inoenderera Mberi Papeji 5)

TIRI VAMIRIRIRI VAKRISTU

(Kubva Papeji 3)

nesikati. Rayirai , tsiurai, uye muvakurudzire nemwoyo mirefu zvikuru uye nokudzidzisa zvakanaka. Nokuti, sokutaura kunoita mopisitori kuna timoti, ichasvika, uye yatosvika nguva vanhu vacharamba kuteerera dzidziso dzakarurama. Asi vachida zvinovafadza ivo , vagozviunganidzira vadzidzisi vazhinji kuti vadzidzise zvinodiwa nenzeve dzavo. Vachafuratidza nzeve dzavo kuzvokwadi, uye vachitsaukira kungano. Asi imi musvinure pazvinhu zvose, mutsungirire, moitaka mabasa ouvhangeri, uye muite ose mabasa oushumiri hwenyu. Rambai muchiyambira vatendi pamberi paMwari kuti varege kuita nharo nokukakavara pashoko raMwari; hazvina maturo, zvinongoparadza chete vaya vanoteerera. Shingairirai kuti muzviratidze pamberi paMwari, savanhu vanogamuchirwa, vashandi vasingafaniri kunyadziswa uye vanonyatsoruramisa shoko rechokwadi.Nzvengai kutaura kusinei naMwari ,nokuti vaya vanhu vanodaro vacharamba vachirasikirwa noumwari. 2Tim 2:14-15. Haiwa, chiregai ndigumire pano ini. Inga chinonaka chinosiiwawo wani. Kusvikira tasanganazve muchimwe chinyorwa regai nditi bu bu bu ri ri ri ri ri. Mwari vakuitirei zvakanaka hama dzangu. "Itai zvose musinganyunyuti, kana kukavara, kuitira kuti mugova vasina chavanopomerwa uye vakachena vana vaMwari vasina mhoswa munyika yakakombamauye rwakatsauka, rwamunovhenekera senyenyedzi munyika sezvamunobatirira pashoko roupenyu, kuitira kuti ndigozvirumbidza pazuva raKristu uye kuti handina kumhanya kana kushanda pasina" [VaFiripi 2: 14-16]. Veduwe Chisarai! Ndaenda ini.

Hongu aive mwanakomana waJosefa muvezi, asika aiva nechimwe chivezwa chourongwa chaaive akapiwa kupfuura vose zvavo vavezi vapanyika.

CHIVAKWA

Mushure mokutarira chimiro chomuvaki, ngatitendeukirei zvino kuchivakwa chaanotaura nezvacho. *"Paruware urwu ndichavaka kereke yangu"*

Mubvunzo wokutanga ndeunoti, ndianiko nheyo yechivakwa ichi? Heano manzwi aJesu kunaPetro, "*Ndinoti iwe ndiwe Petro, uye paruware urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi"* [vs 18]. Pane chiga chikuru chokudurira shoko chingangotibatsira panyaya iyi. Mukudzidza mamwe manzwi akaomarara eShoko raMwari tinofanira kubvumira shoko kuungira nokudurira rimwe shoko. Izvi zvinoreva kuti izvo tinofanira kubvumira mamwe manzwi kuti ave chiero mukududzira Mateo 16:18. [*"Paruware urwu ndichavaka kereke yangu]*

Heanoyi manzwi aVaKorinde vokutanga 3:9-11: "*Nenyasha dzandakapiwa naMwari , ndaronga nheyo somuvaki akachenjera, uye mumwewo ari kuvaka pamusoro payo. Asi mumwe nomumwe ngaachenjerer kuti ari kuvaka sei pamusoro payo. Nokuti hakuna mumwe angaronga dzimwe nheyo kunze kwaiyo yakarongwa kare, inova ndiyo Jesu Kristu"*. Mumashoko aya mupositori Pauro vanosima chokwadi chikuru chokuti Nheyo yeKereke ndi Kristu. Zvisinei namadudziriro atingaita Mateo 16:18, hazviiti zvachose kuti titi isu Petro ndiye akava nheyo yeKereke. Kana naiye Petro anopupurawo wani kuti Jesu ndiye nheyo yekereke (1Peter 2:4-7).

Zvakataurwa naJesu apa kuvadzidzi vake zvingangova zvokuti, " Ndaakunovaka Kereke yangu, uye ndaakunoivakira pamusoro pangu, ini Mwanakomana waMwari mupenyu senheyo". *"Paruware urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi"*

Ko zvitina zvechivakwa ichi ndezvipi?

Ishe vanoti ivo '*ndichavaka kereke yangu"*—hongu, asi vachaivaka nei? Mupositori Petro, anova ndiye akaturirwa aya mashoko, anopindura mubvunzo uyu. Achinyorera vatsvene Petro anoti iye, *"Sezvamunouya kwaari iye Ibwe Benyu, rakarambwa navanhu asi rakasarudzwa naMwari uye rinokosha kwaari, nemiwo samabwe muri kuvakwa muimba yomweya kuti muve uprista hutsvene muchipa zvibairo zvomweya zvinogamuchirwa kuna Mwari kubudikidza naJesu Kristu"*. Jesu varikuvaka Kereke yavo pasi rino, uye vari kushandisa vanhu samatombo okuvaka temberi yake. Kubva mupasi rose zvitina zviri kunamatidzirwa muimba iyi tsvene. Ishe havasi kushandisa ngirozi dzedenga semidziyo yokuvaka temberi yake. Vakasarudza kushandisa varume navakadzi "*samabwe matsvene"*. Muhurukuro iyoyi munobva chiga chakakosha zvikuru. Testamendi Itsva hainongedzeri mudhuri seKereke. Kereke vanhu. Jesu havana kumbenge vachitarisira chivakwa chamabwe pavakataura mashoko iwaya, "n*dichavaka kereke yangu"*. Vakange vane chionwa chavanhu, vakadzikinurwa neropa rake uye vakazadzwa neMweya Mutsvene. *"Paruware urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi"*

HONDO

Muhurukuro yavo naPetro Jesu vanoti ivo, *"Paruware urwu ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi"*. Chimwezve chiri mumanzwi aya ifembero yokurwa kwaizovapo pakati paKristu neKereke yake [*"masuwo eHadhesi"]*. Ko mashoko aya *"masuwo eHadhesi"* anorevei chaizvoizvo? Chimwezve chatinofanira kubatisisa ndechokuti kana tichiverenga Shoko raMwari tinofanira kuziva kuti harina kunyorwa mumakore anhasi. Mumaguta akare chinhu chaive chakakosha aive masuwo. Masuwo aimirira zvinhu zviviri zvakakosha zvakakosha kwazvo, *dziviriro* uye *mifungo*. Imbotora somuenzaniso dziviriro. Pana Isaya 45:2 Mwari vanoti ivo kuna Sairasi, *"Ndichaenda mberi kwako uye ndichaenzanisa makomo; ndichaputsa masuwo endarira uye ndichacheka ndigopinda napamazariro esimbi"*. Apa zvireva kuti izvo Mwari vaizobvumira Sairasi , mutongi we Medo-Persia, kupfuurira nomumasuwo eguta reBhabhironi. Ana Mwari parutivi rwake, Sairasi aizopinda nokuputsa masuwo eguta reBhabhironi.

Asika, mumazuva akare "masuwo" aimirirawo "mifungo". Paive pamatare pedyo namasuwo eguta apo vakuru veguta vaigara vachikurukura, kukakavadzana uye nokufunganya. Achitsanangura nezvomudzimai ane hunhu hwakanaka panaZvirevo 31, munyori anotipa mashoko aya: *"Murume wake anoremekedzwa pasuo reguta , kana agere pakati pavakuru venyika"* [25]. Ko anange achiitei pamasuwo eguta? Chokwadi ndechokuti anenge achishanda shandawo zvimabasa, achipa mifungo ine chokuita neramangwana reguta. Ko manzwi okuti *"masuwo eHadhesi"*. Gehena [Hell] rinoreva "hadhesi" mururimi rwechiGiriki. Hazvingadaro kuti Jesu vaitarira kukudzikinurwa kweKereke yake? Agovimbisa vanhu vake kuti vaizokunda zvakare pakumuka kuvakafa? Masuwo eHadhesi haazokuriri kereke, zvokurambidza vatsvene kumuka kuvakafa. Kana kuti Jesu vakashandisa manzwi *"masuwo eHadhesi"* segudzira mukanwa. Imbonzwa kuti Dhokotera Douglas Bannerman vanotsanangura sei: "Chimiro chinoyemurika uye chinesimba chatinowana pa*"masuwo eHadhesi"*. Anopa pfungwa yesimba guru rinobva mukati kati moumambo hwerima, uye nyika yomweya, yakatsigirwa nesusukidzo namasimba kufanana nemisangano yamasuwo yamaguta akare okumabudazuva".

Zvichienderana nedudziro iyi, manzwi aya anorakidza kuti Jesu akange aona mafashamu namafashamu esimba rowakaipa achidururirwa pamusoro peKereke yake, asi chivimbiso chake ndechinoti: *"Ndichavaka Kereke yangu,uye kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi"* apa zvichireva izvo kuti masimba owakaipa haazofi akatsvaira Kereke yaKristu. Satani angaronga hake zvaanoda uye agozoedza yose mizamo nengirozi dzake asi chiripo ndechokuti haazofi

(Inoenderera Mberi Papeji 6)

MWARI VARI KURUKIRIDZA RUNGANO RWAKO MURUNGANO RWAVO

Na Rich Carmicheal

Chiverengwa cheBhaibheri chinobva mubhuku yaRuth. Manzwi akakomberedzwa, ndeakawedzerwa nomupepeti.

Chikonzero chikuru nei tichawana kurudziro huru kwazvo kubva murungano rwaRuth, imhaka yokuti Mwari mumwe chete vakashanda murungano urwu rwaRuth ndivozve, vari kushanda nhasi murungano rwako iwe neni [rwose rungano rwavo. (Nemhaka yokuti ndiMwari vanogara vakadaro zuro nanhasi uye nokusingaperi' Heb 13:8]. Nyaya yaRuth iyeuchidzo kwatiri youkuru hwaMwari, uye chishuwo nokukwanisa kwavo kushanda zvinangwa zvavo zvitsvene matiri kubudikidza nezvinotiwira uye kuzadzikisa zvose zvinangwa zvavo [zvisinei zvazvo nokuti zvakaoma sei]. (Nokuti zvose zvakanyorwa kare zvakanyorerwa kuti zvitidzidzise isu, kuitira kuti, kubudikidza nokutsungirira nokukurudzira kwamagwaro, tive netariro" (VaRoma 15:4, verengawo vaKorinde vokutanga 10:6,11). Somuenzaniso, imbofunga, zvokwadi iyi pamusoro pokushanda kwaMwari yatinowana murungano rwaRuth:

Mwari vanokwanisa kuti daridzira mumatambudziko ose.

Naomi naRute vaiva vakatarisana nezvipingidzo zvikuru kwazvo muupenyu hwavo. [Inzwa Naomi akati kwavari, *"Musandidaidze kuti Naomi. Ndidaidzei kuti Mara , nokuti Wamasimba ose akashungurudza upenyu hwangu kwazvo. Ndakaenda ndakazara, asi Jehovha akandidzosa ndisina chinhu. Seiko muchinditi Naomi? Jehovha akandirwadzisa. Wamasimba ose akauyisa rushambwa pamusoro pangu"* [1:20]. Somuenzaniso Naomi akarasikirwa nomurume navana vake ,akasara angove musvuuganda munyika yavaMoabi. Ndangariro yaivezve yokuti angangosiiwa navaroora vake sezvo aive asina vanakomana vaizovagara nhaka. Zvisinei zvazvo Ruth akashara kudzokera naNaomi kunyika yaJudah zvisinei nezvavaizono tarisana nazvo munyika yavaienda.

Imbofunga kuti zvose izvi zvairevei kuupenyu hwaRuth. Haana kungorasikirwa nomurume chete asika mumhiko yake yokudzoka naNaomi, zvairatidza sokuti haaizowanikwazve uye kuva navana. Izvi zvaireva kurasikirwa nezvokudya nedziviriro, uye upenyu hwourombo pauviri hwavo. Zvisinei, Ishe akavasesedza pakati pazvo zvose kusvikira mumakomborero muupenyu hwavo.

Kana ukazviona uri pakati kati penguva dzakaoma nokuomerwa, ziva kuti nyaya dzina magumo anofadza, sorungano rwaRuth, dzinosanganisirawo kupfuura nomimwaka yokutambudzika. Kanapo nguva dzakadai dzisingafadzi, asiwo dzinokwanisa kuvandudza upenyu hwedu nechimiro chedu [somuenzaniso verengapo VaHebheru 12:7-11 naJakobhe 1:2-3]. Paunotarira kuna Mwari, vachava netsitsi vagokuyambutsa mumatambudzika iwaya vakubvumira kuti zvose zvikuitira zvakanaka.

Ishe Vanobaira Kuzvipira

Rungano rwaRuth runorakidzawo kuti ndiMwari vanoremekedza nokupindura avo vonozvipira kwavari, avo vanoisa tarisiro yavo murudo rwake rusingaperi. Bhaibheri shoko raMwari rinoti iro, "meso aJehovha ari pamusoro paavo vanomuda nokumutya, napamusoro paavo vanoisa tarisiro yavo murudo rwake rusingaperi. Kana dai vakawira mumatambudziko akaita sei Jehovha anovimbisa kuvapindura munguva yakafanira". Imbofungisisa , mudikani, nezvoudzamu hwokuzvipira kwaRuth: *" Ruth akapindura akati 'Musandigombedzera kuti ndikusiyei kana kukufuratirai . Kwamunoenda ndiko kwandichaendawo uye pamunogara ndipo pandichagarawo. Vanhu venyu vachava vanhu vangu uye Mwari wenyu achava Mwari wangu. Pamunofira ndipo pandichafira uye pandichavigwa' [*1:16-17]. Ruth aizvipira zvakaperera kuna Naomi, kuvanhu vaMwari uye nokuna Mwari mupenyu. Mukuita zvose izvi aive otosiya mhuri yokwake uye nezvimwari zvovokwake. Tarirawo kuzvipira kwaNaomi kuna Jehovah, Mwari wake wechokwadi. Kanapo aiona sokunge ruoko rwaJehovha rwaive rwauya kuzomurwadzisa, [1:13,21] haana kurasa chokwadi yokuti Jehovha aive Mwari. Mukati kati mokushungurudzika kukuru Naomi akaramba akabatirira nokutenda kuti Jehovha ndiMwari, uye akaramba achimudana

(Inoenderera Mberi Papeji 7)

(Kubva Papeji 5)

akatsvaira Kereke yaKristu. Kana tikafunganya nezvechiporofita chikuru chaKristu ichi uye tigozvibvunza, "Ko izvi zvakazadzikiswa here?" mhinduro inesindo ndeinoti hongu! Tarira uone kutekeshera nokukura kweKereke yaMwari munyika ipi zvayo yepasi rino. Ugorangarira kuti Satani aedza napose paanogona, mukati nokunze, kuedza kuparadza Kereke, asika *kunyange masuwo eHadhesi haazoikundi* Kereke yaiShe mupenyu uye uyo arikuuya. Enda mberi [hama yangu]wakabatisisa chokwadi ichi muhana yako. *"Paruware urwu ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi"*

Chakanyorwa chikapindurirwa nemvumo yomunyori. Dr Rendall mudzidzisi mukuru wapaOlford Ministries International.

(Kubva Papeji 6)

nezita rokuti ***El-Shaddai***, iro rinoreva kuti [Mwari] "Wamasimba Ose" [1:21], zita raisimudzira Mwari, utongi hwavo uye ukuru nesimba ravo. Ishe vakaremekedza kuzvipira nokuvimbika kwake, uye panguva yakafanira vakayambutsa Naomi [naRuth] mumwaka wamarwadzo. Shanduko huru muupenyu hwaNaomi naRuth inoratidza zvakasimba makomborero aMwari pamusoro paavo vanozvipira kwaari [uye vanotendawo kuzita rake]. Patinozvipira kwaari nemwoyo yedu yose, zvikuru sei munguva dzakaoma, ngativei nechokwadi chakazara kuti Jehovha vakavimbika saMwari wedu uye kuti vachaita kuti zvose zvitiitire zvakanaka.

Ishe Vanotitungamira

Pane chirevo chinofadza chakashandiswa pana Ruth 2:3 kutsanangura mapindiro aRuth mubindu raBoasi: *"Zvino Rute muMoabhi akati kuna Naomi 'Regai ndiende kuminda ndinononongera zviyo zvinosara ndiri shure kwaani zvake achandiitira nyasha".*

Naomi akati kwaari 'Enda hako mwanasikana wangu". Naizvozvo akaenda kuminda akatanga kunongera ari muminda achitevera shure kwavacheki. Zvakaitika ndezvokuti akabva angoenda kundoshanda mumunda waBhoasi, uyo aibva muimba yaErimereki". Shoko rokuti 'zvakaitika sokuti'' iro rinowanikwa mumagwaro eKing James's Version] harina kuitirwa kuti zviionekwe samawiramombe bodo. Shoko iri rinotirakidze kuti aya haana kungova mahwekwe,kana mawira mombe chete, aiwa. [Pakave nokubata kwaMwari]. Mumamwe manzwi "zvakaitika" namhaka yokuti Jehovha Mwari vakange vachishanda nechokuseri. Mune dziviriro nenyaradzo mukuziva kuti Mwari vanogadzirira nzira dzedu. Apo tinozviisa mumaoko ake, saRuth, tinodekare mukuziva kuti vachavimbika mukutigadzirira makwara edu, kanapo zvichitaridzika nedzimwe nguva sokunge pasina chirikuitika. Nokufamba kwenguva tichaona masonedzero nokuvakurudza kwaanoita zvinangwa zvake muupenyu hwedu. Chijana chedu kuvimba naye uye kufamba munzira dzake.

Ishe Vanotipa Zvose Zvakatifanira

Bhuku yaRuth inotiratidzawo nzwiro yaMwari kuzvose zvatinoshuwira. Ndiye "akashanyira vanhu vake akavapa zvokudya" [1:6]. Ndiyezve akasimidzira mitemo yakabvumidzawo vanoshaiwa, saRuth, kuti vasiirwewo zvokudya. [Verenga Revitiko 23:22; Dhetoronomi 24:19]. Ndiya akapa hama dzakaita saBhoazi kuzobatsira vanoshaiwa (Revhitiko 25:25, 47-49). Jehovha vane hanya nevanoshaiwa uye vanovapa zvakavafanira [nguva yakafanira]. Newewo unokwanisa kuvimba naye pose apo unotarira kwaari. Sokutaura kwamupositori Pauro, "Mwari vachazadzisa zvamunoshaiwa zvose maererano nokubwinya kwepfuma yake muna Kristu Jesu' [VaFiripi 4:19].

Jehovha Vanotifukidza Netsitsi Dzavo

Dindingira guru murungano rwaRute, inyasha netsitsi dzaMwari. Munamato waNaomi wamakomborero pamusoro paRuth waive wokuti Mwari varakidze tsitsi dzavo kuna Ruth, sezvaakamboita kwaari iye Naomi [1:8]. Zvechokwadiwo Mwari vakaratidza tsitsi dzavo huru kuna Ruth, kubudikidza nemutsa waBhoazi (2:20) uyo akamupa zvishuvo zvake, kumudzivirira uye akazogumisira nokumutora somudzimai wake. Inzwi rechiHebheru, rakapindurirwa kuva "tsitsi" pana Ruth 1:8 na 2:20, nderinoti *"hesed (chesed)* iro rakapfuma mududziro dzaro uye rinodudzirwa nenzira dzakasiyana siyana muTestamende yakare dzinosanganisira 'rudo', 'tsitsi', 'tsitsi dzine rudo', 'rudo rusingaperi' uye 'nyasha'. Inzwi rine dudziro inemidzi mukuzvipira muchibvumirano neukama, uye pane ratidzo yorudo netsitsi zvakaperera , muukama ihwohwo. Imwe dudziro ye *'hesed'* [tsitsi] dzaMwari 'kuvimbika kusingashanduki, kuvimbika zvakaperera, uye shuviro yokuitira vamwe zvakanaka'. Imwezve dudziro ndeyokuvimbika, tsitsi norudo zvakaperera zvinobva muchishuwo chokuchengetedza kunokuzvipira. Unyoro norudo rwaMwari zvinotitevera nguva dzose [Munzwe Dhavidha acitaura: 'Zvirokwazvo unyoro hwenyu norudo rwenyu zvichanditevera , mazuva angu ose oupenyu hwangu, uye (neniwo) ndichagara mumba maJehovha nokusingaperi' Ps 23:6]. Tsitsi dzavo **dzakatipoteredza** *[asi rudo rusingaperi rwaJehovha runopotererdza munhu anovimba naye".* Ps 32:10]. Rudo rwaMwari ruzere nyika yose [Jehovha anoda kururama nokururamisira; nyika yose izere norudo rwake rusingaperi' Ps 33:5]. Tsitsi dzavo **dzinotidzivirira** [regai kundinyima ngoni dzenyu, imi Jehovha; rudo rwenyu nechokwadi chenyu ngazvindidzivirire nguva dzose' Ps 40:11]. Rudo rwavo ruzere kwatiri *[Imi Jehovha, munokanganwira uye makanaka, imi Ishe, muzere norudo kuna vose vanodana kwamuri'* Ps 86:5]; Tsitsi dzavo **dzinotigutsa** [*Tigutsei mamgwanani norudo rwenyu rusingaperi, kuti tigoimba nomufaro mazuva edu ose'* Ps 90:14]; Rudo rwavo **runotitsigira,** *[Pandakati rutsoka rwangu rwotedzemuka' rudo rwenyu, imi Jehovha rwakanditsigira"* Ps 94:18]; Tsitsi dzavo **dzinotichengetedza** *[chengetedzai upenyu hwangu zvakafanira rudo rwenyu, uye ini ndichiteerera zvirevo zvemuromo wenyu' Ps 119;88];* Rudo rwaJehovha **runotinyaradza** *[Rudo rwenyu rusinga peri ngarutinyaradze, maererano nechivimbiso chenyu kumuranda wenyu. Tsitsi dzenyu ngadziuye kwandiri kuti ndirarame, nokuti murayiro wenyu ndiwo mufaro wangu'.* Ps 119:76]. Ngoni dzavo **dzinogara nokusingaperi** [*'vongai Jehovha, nokuti akanaka: uye ngoni dzake dzinogara nokusingaperi' Ps 136:1].* Mudikani, rungano rwaRuth chioniso chikuru cherudo, tsitsi nenyasha dzaMwari. Apo akazvipira nomwoyo wose kuna Mwari [1:16] Ruth akatsvaga utiziro mumapapiro ake, Ivo Mwari mukuvimbika kwavo, vakamudururira iye naNaomi, namakomborero norudo nounyoro hwavo. Saizvozvowo pose apo tinotizira

(Inoenderera Mberi Papeji 8)

(Kubva Papeji 7)
kwaari, ngatizivei, zvisinei nemukaro anopikisana nazvo kuti, munyasha dzavo vachatidururirawo nyasha ,tsitsi nounyoro hwavo. Tinofanira kugara 'tichivimba norudo [hesed] rwaMwari nokusingaperi peri. (Ps 52:8).

Mwari Vanoremekedza Nokukomborera Utsvene.

Rungano rwaRuth rwakaitika munguva yavatongi (1:1), nguva yaive yakasvibisisa zvikuru murungano rwaIsiraeri, apo vanhu vakange vatora chitsika chokunamata zvimwari nokuita zvakaipa pamberi paMwari ["mumazuva iwayo (avatongi) kwakange kusina mambo pakati paIsiraeri ; mumwe nomumwe aiita zvaaifunga kuti zvakanaka [21:25]. Asika zvisinei zvazvo, mumazuva iwaya apo kwakange kusina mambo pakati pavaIsiraeri ; mumwe nomumwe achiita zvaaifunga kuti zvakanaka, Bhoazi naRuth vakararama upenyu hwoumwari. Somuenzaniso Ruth akasiya kunamata zvidhori, akaisa mwoyo wake wose panaJehovha, izvo zvakaita azivikanwe somudzimai akatsiga [3:11] . Chimiro chakanaka chaBhoazi chinoonekwawo neukama hwake nevashandi vake [2:4-5], tsitsi nounyoro hwake kuna Ruth, uye kutsiga kwake kunoonekwawo mukubvumira vokwake mvumo yokutanga, mukuwana Ruth, kanapo izvi zvaireva kurasikirwa nomudzimai waaidisa kwazvo kuwana. Mwari vakaremekedza Bhoazi naRuth, uye vakavakomborera neroorano, vakavapa mwanakomana, uyo kave nhaka huru akazonozvarawo muzukuru wavo Dhavidha, uyowo akave mambo, uye murume wapamwoyo waMwari.

Apo iwe neni tirikudai kurarama munguva yerima, rungano rwaRuth runotirangaridza, nokutiyeuchidza kwokuramba tichishingairira muumwari. Ishe vakatarira, uye vakavimbika kukomborera upenyu hwako, uye kuti newewo kubudikidza neupenyu hwako hwoumwari vakomborerowo vamwe.

Ishe Vanogona Kuita Zvikuru Kupfuura Zvatingakumbira Kana Kufunga.

Ruth naNaomi havana kumbofungira kuti nyaya yavo yaizova namagumo akanaka kudai. Kanapo Naomi akange arasa tariro, akazozvionera pamhuno sefodya kuti muna Mwari mune tariro. Mwari vakakwanisa kuvapa chokudya munguva yenzara [1:6,22]; vakakwanisa kuvapa murume-muchengetedzi aizobetsera Naomi naRuth [2:20] uyozve akazove murume waRuth [4:13]; Vakakwanisa kubatsira Ruth kuva nemwanakomana [4:13], uye kupa Naomi mhuri yaakange asingatarisiri kuva nayo. Ishe vakakwanisazve kuzarurira Naomi naRuth apo pakange pasina tarisiro, uye vanokwanisawo kuita zvimwe chetezvo kwauri iwe neni nhasi . NdiIshe " Vanogona kuita zvikuru zvisingagoni kuerwa, kupfuura zvose zvatingakumbira kana kufunga maererano nesimba rake riri kushanda mukati medu..." [Ps 3:20].

Ishe Vanorukiridza Rungano Rwako Murungano RwaKristu

Chokwadi chikuru chaIshe murungano rwaRute chinoonekwa patino verenga mabhuku amarudzi. Marudzi aya anoonekwawo sokunyorwa kazvakaitwa mubhuku yaMateo. Shanduko iripo chete ndeyokuti Mateo anonongedzera kuti mai vaObedi vaive Ruth. Imbotarira mudikani! Ishe vakarukiridza upenyu hwaRuth , muMaobhi, murungano rwaKristu. Chokwadi uhwu humbowo hwenyasha huru dzaMwari!

Chimwezve chinokatyamadza ndechokuti Ishe varikutipawo nyasha dzokuti nesuwo tive rupawo rwerungano rwavo. Savatendi nesuwo tave mhuri yavo, uye tine mukana mukuru wakovararamira, kuvashandira, kuvapupurira, kuvakudza uye kuratidza chimiro nezita ravo. Apo upenyu hwaRute naBhoazi hwainongedzera kukuuya kwaKristu, isu hwedu nhasi upenyu hunonongedzera kurufu nokumuka kwavo uye kukuuya kwavo rwepiri, uyewo pananhasi sezuva roruponiso munaKristu [Muponisi wedu!]. Tariraiwo mukana nechijana chakadai! Ngatinyururudzeizve nhasi kuzvipira nebatiriro yedu kune Uyo ari kurukiridza rungano rwedu murungano rusingaperi!

Ngatinzwei Kubva Kwamuri Nokuchimbidza

Kuvana vaIsiraeri, Mwari ndiMwari, zvisinei kuti vashandirwa here kana kuti kwete, uye saMwari vanofanira kushandirwa, kwete kuti tiwane mubairo savaranda vake asi nokuda kwokuti vakakosha. Mwari havadi rumbidzo kuti vave Mwari, asiwo saMwari vanofanira kurumbidzwa nokuti ikodzero yavo kurumbidzwa. Apo mazuva anokoshana nokushungurudza, munyengetero, kana manzwi mashomanana zvawo ekurudziro, uye kadonhwe kamwe chete zvako korubatsiro zvakakosha kwazvo kwatiri. Tinokutendai zvikuru nerubatsiro rwamunotipa uye nerwamungakwanisa kutipa nhasi. Tinyorerei pa: ***Mharidzo Yokuuya Kwake***, 1257 Emganwini Church, P. O. Nkulumane. Bulawayo.

YETEGYEREZE:

Abarikwetenga akatabo aka omu Rungyereza (English) nimubaasa kuhandiikira:

The Publisher, Herald of His Coming, P.O. Box 279, Seelyville IN 47878 USA

ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI....

ZVOMBO MUKUDZIDZA SHOKO RAMWARI

Na MUFUNDISI ZIVAI SHOKO

"Zvino ndinokuisai kuna Mwari nokushoko renyasha dzake , iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene". [Mabasa 20:32]. Uswa hunooma uye maruva anowa, asi shoko raMwari wedu rinogara nokusingaperi" [Isaya 40: 8].

Kusangana kwatiri kuita zvakare hama vadiwa muchinyorwa chedu chino, cheZvidzidzo zveBhaibheri. Sokutaura kwangu muchinyorwa chapfuura zvinyorwa zvinotevera zvakaitirwa kuti zvikubatsire iwe mukunzvera nokunzwisisa Bhaibheri, shoko raMwari. Kana mucharangarira vadikani, muchinyorwa chapfuura ndakati ini pane zvikuru zvakakosha kwazvo zvaunofanira kuziva nokubatisisa somuKristu pose pose zvapo apo unenge watarisana neShoko raMwari. Chokutanga ndakati ini: "Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari [Johane 1:12; 1Johane 3:1] akwaniswe kwazvo agadzirirwe pamabasa akanaka". [2Timoti 3:16] Mukutsigirana namashoko iwaya mupositori Petro anoti iye, "munofanira kunzwisisa kuti chiporofita chorugwaro hachina kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake oga. Nokuti ***hakuna*** chiporofita chakatongouya nokuda kwomunhu [wo zvake], asi vanhu vakataura zvaibva kuna Mwari vachisundwa noMweya Mutsvene [waMwari]". [2 Petro 1:20]. Naizvozvo chokwadi chiripo uye chisina ani anopikisa ndechokuti, Bhaibheri, ishoko raMwari, rakatakura, uye rakagukuchira mifungo yaMwari. Mushoko raMwari munotaurwa mashoko ouchenjeri pavanhu vakuru asi kwete uchenjeri hwenyika ino, kana hwavabati venyika ino. Bhaibheri rinotaura nezvouchenjeri hwaMwari hwakavanzika hwakadzika dzika, uchenjeri hwakange hwakafukidzwa nokuputirwa uye hwakatemerwa kubwinya kwedu naMwari nyika isati yavapo.

Chechpiri ndechokuti: Magwaro ose zvawo akaitirwa kuti isu samakristu tirarame netariro. "nokuti zvose zvakanyorwa kare zvakaitirwa kuti zvitidzidzise isu, kuitira kuti isu, kubudikidza nokutsungirira nokukuridzira kwamagwaro, tive netariro". [VaRoma 15:4]. Achinyorerawo Kereke yavaKorinde, mupositori Pauro anovarangaridza kuti, "Zvino zvinhu zvose izvi [achireva zvakanyorwa nezvose zvakaitika] zvakange zviri somuenzaniso kwatiri kuti tirege kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa sezvavakaita" [2VaKorinde 10:6]. Sokutaura kwatamboita pamusoro Bhaibheri rakaitira kuti ritiswatudze,ritiumbe kuti tive vakakwana pamabasa akanaka, kuti tirege kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa.

Chechitatu ndechichi: Shoko raMwari ibenyu uye rine rose simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, uye rinobaya kusvikira panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo uye rinotonga mifungo nendangariro dzomweya" [VaHebheru 4:12]. Mushoko raMwari ndimo mune ruponiso, ndimo mune manzwi oruponiso. Inzwa Ishe Jesu vachitaura, "ndinokuudzai chokwadi kuti ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda uyo akandituma, ano upenyu husingaperi uye haachazotongwi , abva murufu uye aenda kuupenyu" [Johane 5:24]

Muchinyorwa chino ndati timbotarira isu zvombo zvatinofanira kushandisa, kana kuti mabakatwa atinofanira kuva nawo mukudzidza Bhaibheri. Kuti, somutendi unyatsonzwisisa, nokutapirirwa neShoko raMwari zvakafanira kwazvo kuti upakatewo zvombo zvakati kuti. Ndine urombo kuti zvombo zvizhinji, zvandichadoma pano, zvichiri mururimi rweChirungu. Hatisati tawana vanyori vanenyota yokutipawo zvinyorwa zvakadzama, zvamandorokwati mururimi rwaamai vedu. Munamato wangu ndewokuti zvichida mumakore anotevera aya tichawanawo vanyori, vachatinyorera zvidzidzo zveBhaibheri, zvamandiriri mururimi rwokwedu.

ZVOMBO ZVOKUSHANDISA

Mudodorongwa waMavhesi OmuBhaibheri [Concordances]

Strong's Exhaustive Concordance Of the Bible.

Ichi ndicho chombo chikuru chagara chichishandiswa navazhinji mukudzidza Shoko raMwari. Bhuku iri rakanaka zvikuru, uye vatungamiri navadzidzisi veshoko vanokurudzirwa kuti vave naro. Marongero arinoita mavhesi ose ari mubhaibheri, akatsetseka uye zviri nyore kusanganisa mavhesi paunenge uchidzidza. Rinozonowedzarawo nekuva neduramanzwi rechiGiriki nerechiHebheru. Rimwezve Concordance, randinodisa zvikuru, nderinonzi iro ***"Zondervan NIV Exhaustive Concordance"***. Mukwende webhuku, rine uremu potse wechitsapo choupfu. Rakatakura, uye narawo rino duridzira manzwi aro muchiHebheru nechiGiriki. Siyano yaro ndeyekuti rakanyorwa richishandisa chirungu cheNIV. Mamwewo maConcordances aungada kushandisa ndeanoti;

Young's Analytical Concordances to the Bible.

ne***Cruden's Complete Concordance***, namamwewo rufaya arikubuda achiendererana nepinduriro dzamazuvaano.

(Inoenderera Mberi Papeji 10)

(Kubva Papeji 9)

MaBible Encyclopedias

Ma***Bible Encyclopedias*** akanakira kuti anopa rungano rwebhuku rimwe narimwe riri muBhaibheri uye agopawo donongodzo pamusoro pemimwewo misoro yenyaya inenge yakakosha yomuBhaibheri. Akanakirazve kuti anopa zvakadzika dzika uye fundo nedzidziso pamusoro pamabhuku aunenge uchida kuziva nezvawo.

Maparungano [encyclopedia] anokurudzirwa navadzidzi vamaBhaibheri vakawanda ndeaya anoti, ***"The Zondervan Pictorial Encyclopedia of the Bible [5 vols]*** iro rakadhindwawo neveZondervan Publishing House, nerimwe rinonzi "***Wycliffe Bible Encyclopedia [2 vols],*** rakadindwa neve Moody Press.

Pane zvimwewo zvimabhuku zvidiki [zvipfumba muruoko] zvinobatsira zvikuru mukupa misumo yakadzama, ngano nerondedzero, mifananidzo, mamepu netsinhiro pfupi. Aya ndeakaita se ***"The New Unger's Bible Handbok,*** rakadhindwa neveMoody Press, ne ***Eerdman's Handbook to the Bible"*** rakadhindwa neve Eerdman's Publishing Company.

Mamwewo mabakatwa akakosha mukudzidza Bhaibheri, maduramanzwi aya anonzi maDictionaries muchirungu. Aya anowarira nokutsanangura manzwi kana mashoko akakosha ari mubhaibheri. Ungangoda kutenga kana wariwana rimwe duramanzwi reBhaibheri rakanzi ***Unger's Bible Dictionary,*** rakadhindwa neveMoody Press, nerimwewo rinonzi ***"The New Bible Dictionary,*** rakadhindwa neve Eerdmans Publishing Company. Kuti uve neruzivo rwakadzama pamusoro petsanangudzo nemidzi yamanzwi omuBhaibheri, kusanganisira noukama hwawo munyaya yaunenge uchiverenga, mabhuku anotevera akanaka zvikuru kuva nawo. ***"An Epository Dictionary of Bible Words"***, rakanyorwa nava W. E. Vine. ***"Theological wordbook of the Old Testament [2 vols],*** rakadhindwa neveMoody Press. Uyewo ne***"Dictionary of The New Testament Theology [3 vols],*** iro rakadhindwa neveZondervan Publishing House. Kunewo mamwe mabhuku anopa izvo zvakadzama pamusoro pavanyori, dzidziso dzavo [theology] uye nerungano rwokumashure kwebhuku raunenge uchiverenga nokudzidza. Aya ndiwo akaita se: ***"A Survey of Old Tetament Introduction"***, rakadhindwa neveMoody Press. ***"Introduction to the New Testament",*** rakadhindwazve neve Eerdmans uye rakanakawo zvikuru.

Kune rimwewo rakadhindwa neve Intervarsity rinonzi iro, ***"New Testament Introduction.***

Rangarira hama yangu kuti ndati ini aya mabakatwa nemidziyo, yaungashandisa mukudzidza Shoko raMwari. Asika hazvirevi izvo kuti kana usina iyi midziyo haukwanisi kudzidza Bhaibheri nokurinzwisisisa. Kwete. Bhaibheri pacharo harina kuoma bodo. Ukariverenga zvinyoronyoro, mumunamato, uchikumbira rubatsiro rwoMweya Mutsvene, ucharinzwisisisa nokubatsirikana zvikuru. Chikuru chinodiwa mwoyo unekuzvininipisa, nenzeve dzakazaruka kukubata nokutaura kweMweya Mutsvene. "Shoko renyu ndiwo mwenje wetsoka dzangu nechiedza chenzira yangu" [119:105]. Rangarira kuti Mudzidzisi mukuru pakudzidza Bhibheri, ndiMweya Mutsvene.

KO UNGASHANDISA PINDURIRO DZIPI DZEBHAIBHERI.

Uyu mubvunzo wandagara ndichibvunzwa navazhinji nguva dzose, apo ndinenge ndichipa zvidzidzo zveBhaibheri. Zvakare mubvunzo uyu wakanaka zvikuru. Zvakakosha kuti uchenjerere kuti pinduriro yeBhaibheri yauri kuverenga yakanaka here uye kuti inoungira here vanamutangakugara. Chokutanga verenga nhungamidzo kana kuti misumo yamaBhaibheri [Introduction] kuti uone kuti pinduriro iyi yakanangana nani, uye kuti yakanyorerwei. Kune mamwe maBhaibheri akanyorerwa vana vadiki, mamwewo vokuAmerica, imwewo yakanyorerwa veZhingi zhongu zvichingoenda zvakadaro-daro. Naizvozvo zvakakosha zvikuru kuva neruzivo rwokuti pinduriro yako yakangana nani uye kuti ine chinangwa chei?

Asi dziriko mhinduriro ina dzaunofanira kuva nadzo kana uchida kuva mudzidzi we shoko akakwana. Mhinduriro idzi ndidzo zvidzivadingwi nenyukiro dzemhinduriro dzose. Ndidzo vana mutanga kugara dzine panhuriro nevandudzo dzakamira mbo kusvika riini. MaBhaibheri aya ndeanoti: ***"The King James Version".*** Mukuru uyu akazvarwa kare [muna 1611] agara uye anofanira kubatwa zvakanaka zvine ruremekedzo. Kana uchida kuziva tsanangudzo dzamanzwi kubva pasichigare verenga "The King James Version". Ndijena murebvu, apo unonomwa nokutatapura udobo dobo hwezvamakore apfuura.

Rechipiri nderinonzi ***"The New King James Version".*** Sezvaunongo zvionerawo, iri iKing James Version ranezuro, rakavandudza. Rakanobvisa bvisa manzwi akaita saana "thou", "thee" nana "ye" asika harina kubvisa uchi noudobo dobo hwe"The King James Version" yakare. Unofanira kuva naro.

Rechitatu nderinonzi, ***"The New American Standard Bible".*** Iri nderimwewo rakanyatso tsetsenurwa zvinonwisa mvura. Rakanaka uye vadzidzi vazhinji vaBhaibheri seni vanorikurudzira zvikuru. Rokugumisira nderinonzi iro ***"The New International Version"*** [NIV]. Rakadindwa neve International Bible Society vakabatana neve Zondervan. Chirungu charo chakareruka, chakatsetseka uye chinonzika.

Riripo rimwe chete randinoda kukuyambira kuti usanyanye kuve neukama naro uye usambofa wakaribata. Iri nderinoshandiswa nehama dzangu dzeveJehovha's Witnesses, [Zvapupu ZvaJehovha] Rinonzi iro "The New World Translations". Bhaibheri iri harina kunyatso pindurirwa zvakanaka mudikani. Rinotsonzedza umwari hwaJesu [somuenzaniso verenga Johane 1:1] uye rinozvomora zvomora mamwe mavhesi. Urwere hwaro ndehwokuti rinosimudza dzidziso yesangano rimwe,sangano reZvapupu ZvaJehovha, izvo zvinoburitsa pachena kuti rakadhindwa rine

(Inoenderera Mberi Papeji 11)

(Kubva Papeji 10)

chinangwa chokufambisira mberi dzidziso yeveZvapupu ZvaJehovha. Isu samaKristu tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune shoko rokuguma panyaya dzose zvadzo dzokutenda, "Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka" [2 Timoti 3:16] Naizvozvo hazvina kunaka kupindurira shoko raMwari tine chinangwa chokuti ritaure zvatinoda isu. Jehovha vanoti hokoyoi kune uyo anowedzera chinhu chipi zvacho kushoko raMwari. Mwari vachawedzerawo kwaari matambudziko akanyorwa mubhuku iri. "Ndinoyambira mumwe nomumwe anonzwa mashoko ouporofita hwebhuku iri, ndichiti:Kana munhu upi zvake akawedzera chinhu chipi zvacho kwairi, Mwari achawedzerawo kwaari matambudziko akanyorwa mubhuku iri. Uye, kana munhu upi zvake akatapudza mashoko kubva mubhuku iri rouprofita, Mwari achabvisawo kwaari mugove wake pamuti woupenyu nomuguta dzvene, izvo zvakanyorwa mubhuku iri" [Zvakazarurwa 22:18]. Verengawo Detoronomi 4:2, 12:32 naZvirevo 30:6]. Dzose idzi iyambiro kuti tinofanira kubata shoko raMwari zvakanaka, uye zvine ungwaru, zvinovawo ndizvo zvatiri kuedza kuita muchinyora chino. Tinoedza napose patinogona kushingairira kuti tizviratidze pamberi paMwari, savanhu vanogamuchirwa, vashandi vasingafaniri kunyadziswa uye vanonyatsoruramisa shoko raMwari. [2 Tim 2:15] Pana Mabasa Avapositori chitsauko chamakumi maviri, tinoverenga nezvamupositori Pauro achisangana nevakuru vekereke yeEfeso. Mumashoko ake ayo aive akananga kuvakuru ivava, mupositori anovayambira nezvengozi [yemapere] vadzidzisi venhema pakati pavo uye chijana chikuru kana kuti basa guru ravakuru ivava mukubatsira sangano kukura mushoko raMwari [vs 32].

"Zvino ndinokuisai kuna Mwari nokushoko renyasha dzake , iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene". [Inzwa] Zvisinei zvazvo nokuti takadanirwa zvipi uye sei, zvakafanirisa kwazvo kuti tibate shoko raMwari zvine ungwaru zvakanaka [uye zvinouchenjeri nokutya]. Kana, isu sevakuru vamaKereke, tikaita saizvozvo chokwadi ndechokuti vanhu vaMwariwo vatino tungamirira vachakurawo.

"Uyo Ano Mwanakomana Ano Upenyu.."
(1 Johane 5:12)

NaRich Carmicheal

Mumazuva mashomana achangopfuura, ndakavhakachira mumwe murume akagoverana neni achiti, iye anoona zvisina kufanira kuti vakristu vashingairire kutendeutsa vatendi vezvimwe zvitendero zvakaita sechiHindu, chiBhudha nechiMosiremu. Mhedzisiro yazvo, akaenderera mberi achidaro, vanhu ivava vezvimwe zvitendero vari kuteverawo Mwari mumwe chete uye vachivavarirawo kurarama upenyu hwakanaka, sezviri kungoitiwawo navaKristu. Nemhaka yeiko vaKristu vachishishinikira kundonyerera chitendero chavo pamagurokuro avamwe.?

Mafungiro iwaya haashamisi uye ari kutekeshera mundangariro dzavazhinji. Pane kamufungiro nhasi kokuti hapana chitendero chinoshamisira kupfuura chimwe, naizvozvo tinofanira kuremekedzawo zvitendero zvavamwe. Vazhinji vane mufungowo wokuti zvitendero zvose izvi zvimigwagwa zvinotungamirira kuna Mwari mumwe chete.

Pandakange ndonyatso fungisisa nezvehurukuro yangu nasamusha ava, Mwari vakagoverana neni chokwadi chikuru, icho chiri hwaro uye chichizivikanwa navanhu vazhinji, asika apa chakanyatso ndibaya kuti dyo-o mumwoyo wangu. Chokwadi ichi ndechokuti: Mwari vanoMwanakomana, Ishe Jesu Kristu. Paruware irworwu, chiKristu chinosiyana zvikuru nezvimwe zvitendero zvose. Kanapo vaHindu, vaBhudha, vaMosiremu nevezvimwewo zvitendero vachiremekedza Jesu somunhu akanaka, mudzidzisi nomuporofita mukuru uye akanaka, vazonosaririra zvikurusa, apo vasingazonoremekedzi nokubvuma Jesu soMwanakomana waMwari uye saiye chete nzira yokudenga [nokuna Baba].

Hama vadiwa munashe, nenyasha dzaMwari, takatambidzwa chizarurwa chakakosha zvikurusa pamusoro poMwanakomana waMwari. Sapana mupositori Petro nesuwo tave kuziva kuti Jesu ndiKristu, Mwanakomana waMwari mupenyu, kwete nokuda kwokuzarurirwa nenyama neropa, asi naBaba vedu vari kuDenga. Vazhinji vari munyika havasati vanzwa kana kutenda uhwu hwaro hwechokwadi, chokuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, uye ndiye chete nzira yoruponiso. Naizvozvo tine basa guru uye chijana chinodadisa zvikuru chokushongedza nokusimudza chokwadi choMwanakomana waMwari, Ishe naMuponisi wedu Jesu Kristu. Kuti ndikusimudzire,rega ndikukoke kuti timbofunganya pamusoro pezvokwadi zvinotevera pamusoro paJesu, Kristu Mwanakomana waMwari [Mupenyu].

Jesu Mwanakomana waMwari Akakosha

Kanapo Mwari vane vanakomana navanasikana vakadyarirwa mumhuri yake, Jesu vanomira voga soMwanakomana wavo oga. Iye aiva naBaba kubva

(Inoenderera Mberi Papeji 12)

(Kubva Papeji 11)

pakutanga (Johane 1:2), uye apo nguva yakange yakwana, Mwari vakatuma Mwanakomana wavo kunyika, achizvarwa nomukadzi (Garatia 4:4). Vakatuma ngirozi yavo kuna Maria, mhandara, vakamuudza kuti, *"Mweya Mutsvene achauya pamusoro pako, uye simba roWokumusoro-soro richakufukidza. Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana ugomutumidza zita rokuti Jesu. Iye achava mukuru uye achanzi Mwanakomana woWokumusoro-soro. , Ishe Mwari achamupa chigaro choushe chababa vake Dhavhidhi, uye achatonga pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi; umambo hwake hahutongogumi"* [Ruka 1:35, 31-33]

Mupositori Johane anotsanangurawo, *ne"zveshoko rakava nyama uye rikagara pakati pedu. Takaona kubwinya kwake kubwinya kwaiye mumwe oga, akabva kuna Baba, azere nenyasha uye nechokwadi"* [Johane 1:14]. Johane mubhabhatidzi akapawo umbowo pamusoro paJesu achiti, "Ndazviona uye ndinopupura kuti uyu ndiye Mwanakomana waMwari" [1:34]. Natanieri achishamisikawo nenjere dzaJesu anoti iye, *"Rabhi, ndimi Mwanakomana waMwari,[uye] ndimi mambo waIsiraeri"* [1:49]. Vadzidzi vake vakapupurirawo minana nezvishamiso zvake vakati ivo *"Chokwadi muri Mwanakomana waMwari" [*Mateo 14:33]. Maritha, [pazuva riya rerufu rwomukoma wake Razaro] nayewo akaratidza nzwisiso yake pamusoro paJesu namanzwi aya, *"hongu, Ishe , ndinotenda kuti ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari, uyo akanzi achauya panyika"* [Johane 11:27]. Petro, nokuzarurirwa pamweya, akanzwisisa kuti Jesu aive, Mwanakomana uye noMuzodzwa waMwari. "Petro akapindura akati, *'Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu"*. Mukuru wezana ramauto evaRoma, paakaona kufa kwaJesu pamuchinjikwa, nayewo akapupura achiti *"Zvechokwadi, [uyu] akange ari Mwanakomana waMwari"* [Mateo 27:54]. Kana iye Satani, namadhimoni ake aizvizivawo wani kuti Jesu aive mwanakomana waMwari. [Mat 4:1-10; Mako 5:6-7].

Ivo Mwari Baba vari kudenga vakabvuma kuukama hwavo hwakatsauka neMwanakomana wavo. Somuenzaniso, nezuva rekubhabhatidzwa kwake, uye pakubwinya kwake kukuru Baba vakataura vachiti "Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinodisa, [uye] anondifadza" [Mate 3:17; 17:5]. KuMwanakomanawo Mwari vakati ivo "uri Mwanakomana wangu, nhasi ndichava baba vako" [Heb 1:5]. Uye, sokutaura kwomunyori pana vaHebheru 1:6 "...Mwari paakauyisa dangwe rake munyika anoti iye 'Vatumwe vose vaMwari ngavamunamate"

Jesu nayewo anotsinhira nezvoukama hwake hwakatsauka naMwari. Ave namakore gumi namaviri, akatora chinguvana ari mutemberi uye akazogoverana navabereki vake achiti, *"Mangamuchinditsvagireiko? Manga musingazivi here kuti ndaifanira kunge ndiri muimba yaBaba vangu"*. [Ruka 2;49]. Mumakore akazotevera, munguva youshumiri hwake, akazotsanangura nezvouumwe hwake naMwari Baba, *"Ndinokuudzai chokwadi, Mwanakomana haagoni kuita chinhu ari oga, anongogona kuita zvaanoona Baba vake vachiita, nokuti zvose zvinoitwa naBaba, Mwanakomana anozviitawo. Nokuti Baba vanoda Mwanakomana uye* vanomuratidza zvose zvavanoita ivo".[Johane 5:19-20]. "Ini naBaba tiri vamwe" [10:30]. Mumunyengetero wake uri pana johane 17, Jesu anoti iye *"Zvino Baba ndikudzei pamberi penyu nokukudzwa kwandaiva nakwo ndinemi nyika isati yavambwa"* [17:5].

Nokuda kwokudzidzisa kwake, kuti aive mohuumwe noukama hwakadzama naBaba, vaJudha vakaedza zvakanyanya kwazvo kuti vamuuraye, nokuti akange asingaputsi Sabata chete, asi kuti akange achitiwo Mwari ndiBaba vake, uye achizvienzanisa naMwari. [5:18].

Izvi zvakazosvika panhongonya, pakutongwa kwake, apo vaprista vakuru vakamupomera mhosva pasi pemhiko vachiti, "tiudze kana uri Kristu, Mwanakomana waMwari". Uye kanapoa akange achiziva mubayiro wemhinduro yake Jesu akapindura chiti "Hongu ndizvo zvamataura" [Mateo 26:63-64]. Avo vaimutonga vakamupomera mhosva yokuzviidza Mwari, vakamusvipira kumeso, kumurova nokumutuka. Vakasimbirira pamberi paPirato kuti Jesu aifanira kufa *"VaJudha vakasimbirira vachiti, 'Isu tino murayiro, nomurayiro iwoyu, anofanira kufa, nokuti anozviti Mwanakomana waMwari"*. [Johane 19:7]. Chokwadi ndechokuti vakuru ava vakange vachireva chokwadi Jesu aizviidza Mwanakomana waMwari. Ngozi huru yakave yokuti havana kutambira zvokwadi iyi. Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari uye vakainzana naMwari. Mupositori Pauro anonyorawo pamusoro poMwanakomana achiti: *"Ndiye mufanakidzo waMwari asingaonekwi, dangwe rezvisikwa zvose. Nokuti zvinhu zvose zvakasikwa naye, zviri kudenga nezviri panyika, zvinoonekwa, zvigaro zvoushe kana masimba kana vatongi kana vane simba; zvinhu zvose zvakasikwa naye uye zvakasikirwa iye. Iye anotangira zvose, uye zvinhu zvose zvinobatana maari. Ndiye musoro womuviri, iyo Kereke, ndiye wokutanga uye ndiye dangwe ravakamuka kuvakafa, kuitira kuti pazvinhu zvose iye ave mukuru. Nokuti Mwari akafadzwa nazvo kuti uzere hwake hwose hugare maari, uye kubudikidza naye ayananise kwaari zvinhu zvose, zvingava zvinhu zviri panyika kana zviri kudenga, nokuita rugare kubudikidza neropa rake, rakateerwa pamuchinjikwa"* [VaKorose 1:15-20]. Pane imwezve nzvimbo Pauro anonyora nezvaJesu achiti, ndeuyo *"pakuberekwa kwake somunhu akange ari chizvarwa chaDhavhidhi, uye akaratidzwa nesimba kubidikidza naMweya Mutsvene kuti ndiye Mwanakomana waMwari, nokumuka kwake kubva kuvakafa: Jesu Kristu Ishe wedu"* [VaRoma 1:3-4]

Munyori kuvaHebheru nayewo anonyora achiti, *"mumazuva ano okupedzisira Mwari akataura kwatiri kubudikidza noMwanakomana wake, waakaita mudyi wenhaka yezvinhu zvose, uye naiyewo waakaita naye nyika. Mwanakomana ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye mufananidzo wake chaiwo, anochengeta zvose neshoko rake rine simba. Mushure mokunge apedza kunatswa*

(Inoenderera Mberi Papeji 13)

kwezvivi, akagara kurudyi rwamambo kudenga" [Hebheru 1:2-3] Uye "Asi pamusoro poMwanakomana anoti: *'chigaro chenyu choushe, imi mwari, chichagara nokusingaperi-peri"'* [1:8]. Mururimi rumwecheterwo mupositori Johane anowedzerawo achiti *"Tiri maari iye wechokwadi, kunyange muMwanakomana wake Jesu Kristu. Ndiye Mwari wechokwadi noupenyu husingaperi"* [1Johane 5:20] Mwanakomana ane upenyu maari [sokutaura kwake panaJohane 5:26] uye ndiye mupi woupenyu [5:21]. Ndiye akasarudzwa naBaba [Ruka 9:35] uye akamuita muprista mukuru [Hebheru 5:5; 7:28]. SoMwanakomana wavo, akavimbika pamusoro peimba yaMwari Baba vake [3:6]. Baba vanoda mwanakomana wavo zvikuru uye vakaisa zvose mumaoko ake, [Johane 3:31-36] Mwari vakamupa simba rose, [Zvakazarurwa 2:26,27] uye vakamupa kutonga kwose [Johane 5:22]. Mwari Baba vakapa Ishe Jesu, Mwanakomana wavo kukudzwa kwose [Johane 5:23]

Mwari Vakaratidza Rudo Rwavo Rukuru Nokutumira Mwanakomana Wavo.

Apo tinofungisisa nezvetsaukano yaJesu, uye nezvoukama hwake hwakatsetseka naBaba, ndopowo patinoyemura zvikuru ukuru hworudo rwavo kwatiri kubudikidza nokutumira kwavo Mwanakomana wavo Ishe Jesu Kristu kufira zvivi zvedu, *"Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kuti akapa Mwanakomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi. Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana wake panyika kuti atonge nyika asi kuti nyika iponeswe kubudikidza naye"* [Johane 3:16-17]. Munzwezve Johane achipupura kutsamba yake yokutanga, *"Mwari akaratidza rudo rwake pakati pedu sezvizvi; Akatuma Mwanakomana wake mumwe oga munyika kuti tive noupenyu kubudkidza naye. Urwu ndirwo rudo: kwete kuti isu takada Mwari, asi kuti iye akatida uye akatuma Mwaakomana wake kuti ave chibayiro chinoyananisa zvivi zvedu"* [1 Johane 4:9-10]. Mwari havana "kuramba noMwanakomana wake , asi akamupa chose nokuda kwedu tose..." [VaRoma 8:32]. Tariraiwo makuriro orudo rwaBaba kwatiri rwokutipa Mwanakomana wake oga somupiro wazvivi zvedu. Imbofunga kuti zvaive zvakaoma sei kuona Mwanakomana wavo achirohwa, kusanzwisiswa kushungurudzwa uye nokunyadziswa pamuchinjikwa. Uye maomero azvaive zvakaita "kuti uyo akanga asina chivi ave chivi nokuda kwedu, kuitira kuti maari tive kururama kwaMwari" [2 Korinde 5:21]. Uye kunzwa Mwanakomana wavo achichema "mwari wangu, Mwari wangu, ko mandisiireiko?" [Mat 27:46]. Kana uri mubereki, zvechokwadi uchanyatsifungisisa nezvokunaka kwechipo chatakapiwa naMwari apo akatipa Mwanakomana wavo kuti tigoregererwa zvivi zvedu.

Mwanakomana WaMwari Ndiye Chete Nzira Yokuna Baba.

Ukuru hwemupiro uyu hunorakidza kuti pakange pasina imwe nzira yokuregererwa kwezvivi zvedu. Dai paiva namamwe mabhindauko, zvokwadi Mwari vangadai vakaasarudza. Mwari vedu mutsvene, uye zvakaipa zvedu zvakatiparadzanisa naMwari vedu. Kuti ukama hwedu naMwari huyananiswe , chivi chinofanira kubviswa, uye pasina kudeuka kweropa hapana kuregererwa kwezvivi [Hebheru 9:22]. Pasi pechibvumirano chakare, ropa remhuka raipirwa kuripira zvivi zvavanhu, asika sokutaura kwomunyori kuvaHebheru zvaive zvakaoma kuti ropa renzombe nerembudzi ribvise zvivi. [10:4]. Ropa chete raJesu, Gwayana raMwari, ndiro rine simba rokutichenesa pazvivi zvedu. Ropa raJesu chete Mwanakomana wake ndiro rinotinatsa pazvivi zvose. [1 Johane 1:7]. "Nokuti zvakange zvisingakwaniswi kuitwa nomurayiro pakushaiwa simba kwawo nomunhu wechivi,Mwari vakazviita nokutuma Mwanakomana wavo.. kuti ave chipiriso chechivi" [VaRoma 8:3]. Kanapo "taive tiri vavengi vaMwari, takayananiswa naye kubudikidza norufu rwoMwanakomana wake" [VaRoma 5:10]. Tinokwanisa kudzikinurwa, nokuregererwa chete muMwanakomana waMwari waanodisa zvikuru [VaKorose 1:13-14]. Ndiyo mhaka yei Jesu vakataura manzwi aya, asina ani anopikisa *"Ndini Nzira, neChokwadi uye noUpenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri"* [Johane 14:6]. Sokutaura kwamupositori Petro azere noMweya Mutsvene, *"Ruponiso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ratingaponeswa naro."* [Mabasa 4:12]. Jesu ndiye muyananisi wezvivi zvedu [1 Johane 4:10] uye ndiye chete nzira yokutiyananisa kuna Mwari. Avo vanoita chiHindu, chiBhudha kana chiMosiremu uye nezvimwewo zvitendero zvamanyepo vangava vakanaka uye vanokuzvininipisa, asika vakarasika pazvivi zvavo kusvikira chete vatendeukira kuna Jesu Kristu kuti varegererwe zvivi zvavo uye nokuti vawane ruponiso. Iye chete ndiye muvambi wokuponeswa kusingaperi kuna vose vanomuteerera uye akanzi naMwari ave muprista mukuru worudzi rwaMerekizedheki. [Hebheru 5:9]. Mwari vakayanika pachena pamusoro poMwanakomana wavo. *"Uye uku ndiko kupupura kuti: Mwari akatipa upenyu husingaperi, uye upenyu uhu huri muMwanakomana wake. Uyo ano Mwanakomana ano upenyu; uyo asina Mwanakomana wamwari haana upenyu".* [1Johane 5:11-12] Uyo asingatendi kupupura kwaMwari pamusoro poMwanakomana wake, anoita mwari murevi wenhema. [5:10]. Murayiro wake ndowokuti mumwe namumwe atende kuMwanakomana wake, [1 Johane 3:23] umuteerere [Matt 17:5] uye agopinda mukuyanana noukama naye [1Korinde 1:9; 1 Johane 1:3].

Kuramba Mwanakomana waMwari Kunomubairo Mukurusa

Hongu, varipo vazhinji vanoramba, Mwanakomana waMwari Ishe Jesu Kristu, somuponisi wavo. Haiwaka izvi hazvifaniri kuti katyamadza nokuti tinoyambirwa nezvaandi Kristu uyo ari murevi wenhema. *"Ndianiko murevi wenhema? Ndiye munhu anoramba kuti Jesu ndiye Kristu. Munhu*

(Inoenderera Mberi Papeji 14)

Kusungwa Kwangu Nokusunungurwa Kwangu

Rakanga riri svondo reKisimusi apo ndakasungwa ndokuendeswa kudare. Ndakanga ndiri kamukomana kadiki, mugore rangu regumi neina. Ndakanga ndabatikidzwa; pakanga pasina kana zvekupa zvikonzero; zvaiita sepasina tariro kana rubatsiro. Ndakanga ndine mhosva. Ndakakandwa mutirongo. Suo rakavharwa, zimupurisa ziguru ndokuzendama pasuo racho richiita seraigutsikana nokundisunga, uye nokuti ndaifanira kurangwa.

Ndakanzwa ndisingakwanise kuzvibatsira. Ndakatadza kana nekuchema kwese. Ndakanga ndachema kusvika misodzi yapera mandiri. Ndakanga ndangoti fototo ndapwanyika nekuda kwemhosva uye kurasika kwangu. Mutongi akagara pachigaro chake chakanga chakakurisa asi handina kana kuda kumbomutarisa. Ndakanga ndisina tariro yekunzwirwa tsitsi, uye ndaiziva kuti kutonga kwakarurama ndiko kwaizondiparadza.

Dare rakanga rakazara nevanhu. Pandainge ndakaungana pakona yebhikisi remusungwa vaindidongorera nematarisiro ekupomera sevaiti, "Mutongi, mupei mubairo uzere wemutemo muponese vanhu kubva pane rimwe dambudziko". Pakupedzisira munyori wedare akadanidzira kuzarurwa kwedare nyaya yangu ikava iyo yokutanga. Mutongi akabvunza munyori wedare kana mukomana aiva

(Inoenderera Mberi Papeji 15)

(Kubva Papeji 13)

akadaro ndiye andiKristu, anoramba Baba noMwanakomana. Hakuna munhu anoramba Mwanakomana angava naBaba; ani naani anopupura Mwanakomana ndiye anaBabawo" [1 Johane 2:22-23] Kuramba Mwanakomana waMwari kuno mubairo mukuru, "Uyo asingakudzi Mwanakomana haakudzi Baba vakamutuma" [Johane 5:23]. *Hakuna munhu anoramba Mwanakomana angava naBaba; ani naani anopupura Mwanakomana ndiye anaBabawo"* [1 Johane 2:23]. *"Ani naani anotenda kuMwanakomana ano upenyu husingaperi, asi ani naani anoramba Mwanakomana haangaoni upenyu, nokuti kutsamwa kwaMwari kunogara pamusoro pake"* [Johane 3:36]. *"ani naani anotenda kwaari [Ishe Jesu] haatongwi, asi ani naani asingatendi atotongwa nokuti haana kutenda muzita roMwanakomana mumwe oga waMwari"* [3:18]. Kutsika tsika Mwanakomana waMwari pasi petsoka dzedu uye kutora ropa rake sechinhu pasina, kunounza kurangwa kukuru kwatiri. [Heb 10:29].

Hoko YeIvhangeri: Mwanakomana waMwari.

Kanapo kuramba Mwanakomana waMwari kunokurangwa kukuru,nyaya Inonakidza zvikuru ndeyokuti Mwari vanodisa kwazvo kuti munhu wose aponeswe kubudikidza neMwanakomana wavo. *"Baba vakatuma Mwanakomana wavo kuti ave Muponisi wenyika. Kana munhu akapupura kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari, Mwari anogara maari uye iye muna Mwari"* [1 Johane 4:14-15]. Ivo Ishe Jesu Kristu pachavo vakataura manzwi aya vachiti, "*Nokuti kuda kwaBaba vangu ndiko kuti ani naani anotarira kuMwanakomana anokutenda maari achava noupenyu husingaperi uye ndichamumutsa pazuva rokupedzisira"* [Johane 6:40]. Mumanzwi mamwe cheteyo pana Johane 3:16 Ishe Jesu vanoti ivo *"Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kuti akapa Mwanakomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi.* Vagozonoenderera mberi vachiti ivo *"Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana wake panyika kuti atonge nyika asi kuti nyika iponeswe kubudikidza naye. "ani naani anotenda kwaari [Ishe Jesu] haatongwi, asi ani naani asingatendi atotongwa nokuti haana kutenda muzita roMwanakomana mumwe oga waMwari"* [Johane 3:16-17].

Ivhangeri yose iri "pamusoro paJesu Kristu Mwanakomana waMwari" [Mako 1:1] uye mwongo weivhangeri ndewokuti akafira zvivi zvedu, akavigwa uye akamutswa kuvakafa. [1 VaKorinde 15:3-5]. Ndiye chete angatiyananisa naMwari. Anokwanisa zvikuru kuti sunungura kubva kuzvivi zvedu [1 Johane 1:7; Heb 9:14]. Naizvozvo kana Mwanakomana akatisungura *"tichava vakasununguka zvikuru"* [Johane 8:36] Akaonekwa kuti aparadze mabasa owakaipa, uye uyo anokunda nyika ndeuyo chete anopupura kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari [1Johane 5:5].

Naizvozvo savatendi, *"takabva kuzvifananidzo kuti tishumire Mwari mupenyu uye wechokwadi, uye kuti mumirire Mwanakomana wake anobva kudenga, uyo waakamutsa kubva kuvakafa, Jesu, anotinunura kubva pakutsamwa kuchauya"* [1 VaTesaronika 1:9-10]. Savatendi, upenyu hwatinorarama isu ndehwokutenda kuMwanakomana waMwari, uyo akatida akazvipira nokuda kwedu [Garatia 2:20]. Saizvozvowo, apo takatarira nokumirira kudzokera kwake rwepiri, tinoshingairira kwazvo napose patinogona kubatsira vamwe kumuziva nokumuda uye tichivaudza kuti ruponiso runowanikwa chete kubudikidza neMwanakomana waMwari, Iye Ishe Jesu Kristu.

[***Vanamai naanababa, ngatiroverei mhururu nemiridzo kunaRich mwanakomana waCarmicheal. Muchinyorwa chino Rich aratidza unyanzvi husakamboonekwa bodo. Ndingati ini afemerwa kuti zarurira chokwadi pamusoro paJesu Kristu Mwanakoman waMwari mupenyu. Ko mwoyo yenyu yanga isingapisi here mukati menyu apo anga achitaura achitizarurira magwaro? Ndapota chinyorwa ichi musachirasa, chichengetei uye kana zvichibvira chishandisei kudzidzisa vamwe pamusoro pomuvambi nomukwanisi wokutenda kwedu. Vazhinji vakarasika hama, vanoda zvidzidziso zvakadai sechichi—*** Mupepeti]

(Kubva Papeji 14)

nemumirriri. "Kumiririra" raiva shoko idzva kwandiri. Ndaifunga kuti mumirriri wangu aiva uyo aizondiuraya. Munyori wedare akapindura kuti ndainge ndisina.

Mutongi akazoti kune gweta rainge ririmo, "Ndinokusarudza kuti umiririre mukomana uyu". Gweta rakasimuka ndokufamba zvishoma nezvishoma richiuya mberi, richipfura napakati pezvigaro, ndokusvika pabhokisi richibva rasairira mupurisa padivi ndokuzarura musuwo richipinda.

Ndakakokonyara nekutya, ndakazviunganidza kune imwe kona ndakazarura maziso azere nekutya, ndakatarira gweta rangu. Raiva nechiso chaishamisa; chaiva chakasimba chakadzikama, chizere nengoni uye chakanakisisa. Ndakaona donhwe remisodzi paziso rimwe. Musodzi iwowo wakandibatsira zvinoshamisa. Rakagara pasi ndokundimbundira neruoko rwaro. Mapfupa angu akaita seadonha kubva mumajoini awo uye ndakaita sendichatadza kufema.

Mumirriri wangu akandikwevera pedyo naye. Akandikweva zvishoma nezvishoma asi nesimba. Zvakaita sezvakadzoredzera mapfupa angu nokundidzikamisa ndokubva ndatanga kufema zvakadzama. Akatarisa pasi ndebvu dzake dzakanga dzakadzvedzerera ndokubva dzagumha chiso changu, uye ndokuisa muromo wake panzeve yangu ndokuti, "Nhai shamwari yangu une mhosva here?" Ndaisamunyepera kana ndaida kuponesa hupenyu hwangu.

Nezwi raidedera ndakapindura, "Hongu vakuru, ndine mhosva kupfuura zvamungaziva".

"Zvakanaka", akadaro, "haufunge here kuti zvakanyanya kunaka tikabvuma mhosva totsvaka kunzwirwa tsitsi nedare?"

Handaiziva kuti zvairevei kunzwirwa tsitsi nedare, asi ndakafunga mandiri kuti kana zvikadaro zvinofanira kunge zvaiva izvo zvakandinakira ndokubva ndangobvuma ipapo ipapo. Gweta rangu rakandibhabhadzira mumusoro ndokusimuka richitarisa kwakanga kune mutongi.

Rakati, "Ndapota, mambo, wakava mukana wangu kushanda mudare renyu kwemakore ndikafara kuona kuti kana zvinovavarirwa nemutemo zvichigoneka uye kana nharaunda dzachengetedzwa, zviri musimba renyu mambo kuita tsitsi. Ndinotenda dare nokundisarudza kumiririra kamukomana aka. Kanobvuma mhosva yako. Mwoyo wako wakaputsika. Kazere nokupwanyika makari. Kanherera kubvira paucheche hwako uye kanotochengetwawo uye hakana mari naizvozvo kanokumbira kuitirwa ngoni".

Ndakatambanudza minwe yangu yakanga iine tsvina ndokubata muzasi mebhachi remumirriri wangu. Ndakabatirira paari ndinekufunga kwekuti ndikamubata aizondiburitsa. Ndakafunga kuti mashoko ake ainge apera asi kwaingova kutanga hako. Runyararo rukuru rwakava mudare umu izwi rake richisimuka kusvikira razadza dare rose riine kukumbira kwakaisvonaka. Akataura pamusoro panherera, kusuwa kwadzo, kusachengetedzeka kwadzo, miedzo inotarisana nadzo nguva dzose, kuparara kwadzo – semakwai asina mufudzi, munyika izere nemhumhi dzinotsvaka kuparadza.

Akataura kusvika hasha dzose dzapera muvanhu, vatana vakagomera zvaitonzwika. Akataura kusvika misodzi yochururuka pamatama emupurisa uyo akanditarisa nemaziso azere ngoni ndokuzevezera achindibvunza kana ndaida mvura yokunwa. Ndakanga ndiri mubishi ndakabatirira pabhachi remumirriri wangu, ndakatarisa kumeso kwaro kwaishamisa, kune rimwe divi ndichiterera mashoko araitaura zvekuti handina chimwe chandaidazve. Ndaifema zvakadzama. Hupenyu hutsva netariro zvaive zvopinda mandiri. Ndakanga ndoperera nokuda gweta rangu.

Mumirriri wangu akati, "Ndapota, mambo, mumweya wetsitsi, kana mukabvisa mutongo ndokusunungura mwana uyu, ndinozvipira ini kuzova mutariri wake, kuona kuti ave nepekugara uye kuti akachengeteka. Ndichaona kuti adzidza uye ndinovimbisa kunharaunda yose kuti achave mugari akanaka anobatsira".

Ndakatadza kurega kuridza mhere nemufaro. Zvaiita sekunge mwoyo wangu uchasvakuka kubva mandiri nokutenda. Ndakanzwa sokuti dai vaindirega ndichiisa zvishangu zvangu pachigaro pandainge ndakagara ndaipotsera zvimaoko zvebhachi rangu zvainge zvakabvaruka muhuro memumirriri wangu ndokumutsvoda padama kamwe chete. Mushure vaizonditora vondisungirira asi ndaifa ndichipembera.

Ari pakati pekutaura kwake,mumirriri wangu panze pekuti kumutongi, "Mambo", rakati, Baba vangu". Izvi zvakandibaya. Ndakaona kuti dai mutongi ainge asarudza mwanakomana wake kuti andimiririre zvaizongogona kuti aterere chikumbiro chake nekundinzwira tsitsi.

Vanhu vaichema mudare rose. Mumaoko angu ose ndainge ndakapfumbata bhachi regweta rangu. Mupurisa akanga abvisa ngowani yake ndokuburitsa hengechepfu yake achingunosvimha misodzi. Yainge iri nguva huru pakutongwa kwangu. Mumirriri wangu ainge asvika pamusoro penyaya yake.

Akadanidzira, "Baba vangu mwana wandinomiririra uyu atori munun'una chaiye kwandiri". Ipapo ndakabva ndangoona kuti kana mutongi aive baba vemumirriri wangu uye mumirriri wangu ari mukoma wangu zvaingoreva kuti mutongi aivawo baba vangu.

Ndakatadza kuramba ndakazvibata. Ndakachema nokuchema kukuru nomufaro ndukusvetuka kubva mubhokisi remusungwa ndakananga kunomira mutongi mudare ndokubva ndamumbundira. Iye akandimbundirawo zvekuiti ndakanzwa mandiri ndichishandurwa kuita chisikwa chitsva.

Akandimbundira kudaro akasimuka ndokuti, "Farai pamwe neni nokuti mwana wangu akanga afa oraramazve, ainge arasika awanikwazve.

Mhomho yose yevanhu yakanga iri mudare yakaputika

(Inoenderera Mberi Papeji 16)

nekuchema pamwe nokuseka. Vanhu vakambundikirana. Vose vakaita sevanoda kundimhorosa. Vakakorokotedza mumirîriri wangu, tose ndokuseka, nokuita ruzha, pamwe nokuchema pamwe chete.

Handifunge kuti zvingade kukutaurirai kuti dare yakanga iri Methodist Church, kuti kutongwa yaive nguva yerumutsiridzo, kuti shoko raMwari ndiro rakanga randisunga randiunza ndakabatwa nemhosva kuzotongwa mukururama, mutongi vaiva Baba vanogara nokusingaperi, uye Ishe Jesu Kristu ndivo vaiva mumirîriri panyaya yangu ndokundiwanira ruregerero pamwe nokusimbisa ruponeso rwangu nokusingaperi.

Ndinotarira shure ndichifunga apo ndainge ndakaita kupfugama nokuremerwa nemhosva uye ndakasungwa nezvivi, Jesu ndokudambura mangetani angu, akatsvaira mhosva dzangu dzose, uye ndokundiwanira ruregerero ruzere pachena pamberi pechigaro chokudenga. Jesu akaratidza chokwadi chokuti Mwari mukuru – Mutongi wepasi rose – aive uye ndiBaba vangu vari kudenga.

H.C. Morrison

Usafunge kuti zvitadzo zvako zvakawandisa kana kunyanya kusviba. *"Huya ikozvino ... ndizvo zvinotaura Ishe; kunyange zvitadzo zvako zvakatsvuka semucheka mutsvuku, zvichacheneswa semazaya echando; kunyange zvakanyanya nekutsvuka, zvichaita semakushe ehwai"* (Isaya 1:18).

NDONYENGETERERA NYIKA YOKWANGU

Baba, muzita roMwanakomano wenyu Jesu Kiristu, tinoswedera pedyo nechigaro chenyu chenyasha nokubwinya. Ndoka patinowana nyasha norubatsiro munguva dzedu dzokutambudzika. Shoko renyu rinoti uyai kwandiri imi mose makaremerwa, ndichakupai zororo.[Mat 11:29-30] Nyika yeZimbabwe yakaremerwa inode kuzorodzwa nemi Baba. Huori, kunyepa, humbavha, kuurayana, nokutadza kwose kwaremera nyika yokwedu. Tinokumbirawo kuzorodzwa zvamazvirikwazvo nemi Ishe. Vana venyu vane mavanga, vari kuchema nokurwadziwa. Shoko renyu rinoitizve kana tikachema kwamuri munotinzwa uye mogotiratidza izvo zvakavanzika. [Jerimia 33:3] Tiratidzeiwo ruporeso rwenyu nokunyaradza kwenyu Baba. Mhuri dzedu dzoputsika ave matongo takatarira. Vanamai vanaBaba vopengereka nenyika samapetepeswa uku vana hasisina anodzora. Vanasikana dzave pfambi nenzenza uku vachirakashwa naiyo shuramatongo. Vanakomana vedu voitwa chikuku vata vata nohwamasese vachishaiswa ramangwana. Dzoredzerai Baba hunhu hwedu senyika uye neizvo zvese zvakabiwa nowakaipa. Kusvikira riini Baba, nyika yedu ichingova chiekeso. Kusvikira riini tichingova muenzaniso wezvakaipa. Vedu vatungamiri igaro kakavadzana uku dzimba dzichitsva. Vanongoti rusununguko rusununguko asi ipo pasina. Mhururu nemiridzo kuavo manyepo tinoridza, uku nhumbu nemisana tichitsva. Tisunungureiwo Baba kubva panyanga dzamushore patakazviisa. Mhinduro hatina, meso edu angova kwamuri imi Samasimba. Shoko renyu rinoti kana tikakadana kwamuri ' imi muchati 'ndiri pano'. Mugotizve 'Kunze kwokunge maivaka imba zvechokwadi tingagomera pasina. Kunze kwokunge marinda moga, tingamukira pasina. [Ps 127] Ndimi mupi wezororo nhope. Itai nyasha Baba pamusoro penyika yokwedu. Rapai, podzai uye mutinyaradze murwenyu rudo rusingaperi. Techema wani baba tinokumbire kunyaradzwa nemi [2 Cor 1:5]. Zvose izvi tinozvitura kwamuri muzita riri pamusoro pamazita ose. Zita raJesu Kiristu. Ameni.

Chivi Nekudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isayo 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, [VaRoma 6:11-14]; kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38,39; VaRoma 10:9,10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* [Isaya 55:7].
3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa unchaponeswa"* [VaRoma 10:9].
4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* [VaKorose 2:6].